Æппæт бæстæты пролетартæ, бану ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990 МАЙ– Зæрдæвæрæны мæй

4 МАЙРÆМБОН

№ 86 (17768)

Арæъ 3 кап.

ХОР-ÆППÆТЫ СÆР

УÆРÆСЕ: КВАРТАЛЫ БÆРÆГГÆНÆНТÆ

Республикæйы колхозтæ æмæ совхозты кæронмæ фæкæццæ кæнынц уалдзыгон быдыron куыстытæ. Æппæт хæдзарæдтæ дæр тыд фесты раттæнд культуртæ. Бавылдысты фæззыгæнд хортæм. Фæлæ нырма бирæ куыст нс механизатортæн. Цыбыр рæстæгмæ сæ байтауын хъæуы нартхор 42 мин гектары. Уыцы куыст æххæстгонд куыд æрцæуа, уымæй зрæгæ у. фыццаджыдæр, тылдæджы хъысмæт. Æмæ нартхорæй та фосдарынадæн дæр рæзæн нæй. Нартхор у холлаг дæр. Æмæ йæ сæйраг культурыл дæр уымæн нымайынц зæхкуыдзытæ. Сæ фылдæр хъарутæ дæр уыцы куыстмæ хуымæтæджы арæзт не сты. Фарон фæззæг бавнæлдтой хъæздыг тылдæгæн бындур æвæрынмæ раззагдæр хæдзарæдтæ. Зæххытæ афæлдæхтой, бахастой сæм бынæттон æмæ минералон хъацæнтæ. Уавæртæ кæм амыдтой, уым та хуымтыл губакгæнæнтæ ауагътой. Æмæ ныр, афон куыддæр ралæууыд, афтæ бавнæлдтой тауынмæ.

Инæ азтау та ныр дæр сæ тауæн агрегаттæ бырмæ раздæр ракодтой Мæздæджы районы механизатортæ. Æмæ æрмæст уыи мидæг нæй сæ арæхстдзинад. Фылдæр хæдзарæдтæ хорз бацæттæ кодтой техникæ, мыггæгтæ, гербицидтæ, æндæр фæрæзтæ æмæ ныр фидарæй æххæст кæнынц агротехникæйы домæнтæ. Ныртхор тауынц индустрион технологимæ гæсгæ. Æмæ сын бирæ æнтысы. Уымæ стыр æргом здахынц, мæрмæ химикаттæ къаддæр цæмæй хæццæ кæной, уымæ. Колхозтæ «Ленинон фæндаг», «Октябры 40 азы» механизатортæ хуымтæм гербицидтæ æмвæтæнæгæй нæ, фæлæ уацгатгай хæссынц. Афтæмæй продукци нсыныл цæуы къаддæр хæрдзтæ. Иннæмæй та хуымтæ вæййынц æнцондæр кусæн, гектары бæркад та — фылдæр.

Нартхор тауынмæ рæвдз чи бавнæлдта, ахæм хæдзарæдтæ нæм бирæ нс. Фарон Цæлыччы совхоз «Октябры 50 азы» механизатортæ алы гектарæй дæр нартхор бафснайдтой 76 центнерæй фылдæр. Æмæ ам æппæтæй хуыздæр уавæртæ нæй. Кусгæ хуыздæр бакодтой. Хуымтæ байтауынæй тылдæр æфснайыны онг æппæт куыстытæ дæр бакодтой интенсивон технологийы домæнтæм гæсгæ. Æмæ та ныр дæр цæлыккаг зæхкуыдзытæ фидар бындур сæвæрдтой нартхоры хъæздыг тылдæгæн.

Фæлтæрддзинад куыд равдыста, афтæмæй хуыздæр æнтыстдзинæдтæ сæ къухы бафты, арендон подрядмæ чи разынд, уыцы механизаторты кордтæн. Ныр цалдæр азы афæм мадзалæй кусынц Æрыдоны Кировы номыл колхозы Мысойты Таймуразы меххъоры уæнгтæ. Æмæ алы аз дæр сæ къухы бафты ахъаззаджы æнтыстдзинæдтæ. Сæ хуымтæй хъæздыг тылдæг райсынц, хæдзарады мæ арæнæй цы æртæ бионты кæрды кусы, уымæн дæр. Афы аз та æз хъуыддæгтæ хуыздæр цæуынц. Нартхор тауынмæ нырма æрæджы бавнæлдтой, афтæмæй сын бирæ бантыст.

Нартхоры куыстмæ дæсны чи у, ахæм механизатортæ нæ республикæйы ну æмæ дыууæ нæй. Социалистон Фæллойы Хъæбатыртæ Æлбегаты Харитон, Алæгаты Темырби, Дагойты Еруслан æмæ æндæрты æнтыстдзинæдты кой чи нæ фехъуыста, ахæм нæй. Уыдой-ну гектарæй 100 центнеры райстой нартхор. Æмæ кусгæ дæр афтæ кодтой. Зыдтой ахуырады æнтыстдзинæдтæй æмæ сæ фидарæй æххæст кодтой. Рагуалдзæгай суанг фæззæг тылдæг æфснайынмæ

Ацы азы фыццагæм кварталы Уæрæсейы Федерацийы мадзæлттæ арæзт цыдис экономикæ социалон къабазы рæзтмæ фездахынæн, къорд «Б»-йы продукцийы рауагъд фылдæр кæнынæн, загъд ис 1990 азы фыццаг кварталы республикæйы социалон-экономикон рæзты тыххæй статистикæйы УСФСР-йы Паддзахадон комитеты хъусынгæнинаджы. Уый радта адæмон фæлхасады товарты хицæн хуызтæ зынгæ фылдæр . рауадзыны фадат. Товарты зилдухыл, фаронимæ абаргæйæ, бафтыд фылдæр сæ рауадзыны фæрцы. Фæбæрæг æхцайы æфтиæгты æмæ адæмы фæлхæсты рæзт кæрæдзимæ фæхæстæгдæр кæнынмæ тырнындзинад.

Республикæ æмæ йæ регионтæ цæттæ кæнынц хицаффæйад æмæ хи æхцайæ архайынмæ рахизынмæ: ацы азы январæй фæстæмæ 13 территорийы рахызтысты хæдзариуæгады фидæны механизмы хæйттæ сбæрæг кæныны фæлварæнмæ. Парахат кæнынц уынаффæййады ног организацион равæрдтытæ æмæ хæдзарнуæгады ног хуызтæ.

Фæлæ фыццагæм кварталы адæмон хæдзарады æппæт къабæзты æнæкъуыхцы куыст къухы нæ бафтыд. Фæкъаддæр æхсæнадон куыстад. Фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, национ æфтиаг æмæ æхсæнадон фæллойы æнтысындзинад фесты 1,4 проценты къаддæр. Февзæрдæр уавæр промышленносты, хъæууон хæдзарады, капиталон арæзтады, транспорты. Безыгъдыныл заны финансты уавæр, куыстуæтæ бюджетмæ дæттынц къаддæр фиддонтæ. Фылдæр уагъд цæуы æхца. Уый ноджы алыхуызондæр кæны фæлхасадон базары уавæр. Фæлхасадон секторы, товартæ æмæ, фидгæ кæмæн у, уыцы лæггæдты æргътæ хынцгæйæ, æхцайы кад æрхауд 1989 азы фыццаг

Иу ранæй иннæмæ тынгдæр цæуын байдыдтой кадртæ. Уый аххос тынг у, кусджытæ æмæ службæтæнджытæ кооперативтæм кæй цæуынц, уый. Нæ хуыздæр кæны фæллойадон æгъдауы уавæр.

Финансон æгъдауæй баивылдæр кæныны мадзалæттæ æххæст кæнын нырма нæ радта ахадгæ фæстиудзытæ. Паддзахадон бюджеты æфтиæгтæ арæзт цæуынц зынæй. Январы—мартъийы зилдухæй фиддон УСФСР-йы зæххыл ист æрцыд 17,8 миллиард сомы, кæнæ та фарон уыцы рæстæгæй 9,9 проценты фылдæр. Фæлæ уынмæ куыстуæттæ æмæ организацитæ цæдисон, республикон æмæ бынæттон бюджеттæм æфтиæгтæй фиддонтæ раттой 17,1 миллиард сомы, кæнæ та фароны фыццаг кварталæй 1,9 миллиард сомы къаддæр. Æфтиаг ист æрцыд фароны уыцы рæстæгæй 1,8 миллиард сомы къаддæр (æхсæз проценты). Куыстуæтæ æмæ организацитæ дардæр фидар кæнынц æфтиаджы чысыл пълантæ. Нæ хуыздæр кæны фиддонты æгъдау.

Фыццаг кварталы куыджыты æмæ службæгæнджыты мæйы рæстæмбис куыстымызд уыдис 281 сомы æмæ йыл бафтыд 9 проценты, колхозонты мызд уыдис 210 сомы, бафтыд ыл 13 проценты.

1990 азы 1 январæй фæстæмæ ног фылдæргонд куысты мыздтæ нысангонд æрцыдысты культурæйы куыджытæн Цæгатаг, Дарьскасæйнаг, Скæсæн-Сыгъраг, Иристонон æгъдауæй экономикон районты, сæйï, Черноблыл АЭС-ы фыдбылызы фыдæй радиоактивон чызин кæмæ фæхæццæ, УСФСР-йы уыцы горæттæ æмæ хъæуты, 1 мартъийæ фæстæмæ ма фæллойæн мызд фидыны ног æууæлтæ нысангонд æрцыдысты Паддзахадон арбитражы органы

хасады товарты нумæйаг куыстад фæцис 4,5 миллиард сомы фылдæр. Уыйас тынгдæр ыл бафтыд культурон-цардыуаджы æмæ хæдзарадон нысаниуæгады товарты хардзæй. Фæлхасады продукты æмæ рог промышленносты продукцийы куыстады рæзт зайы нысангонд бæрцы фæстæ.

Продукци дæттыны фæдыл бадзырдмæ гæсгæ хæцлæвæрдтæ фехæлдтой рог, уафæн промышленносты 168 куыстуаты (куыстуæтты фæндзæм хай), уыдон продукци радтой розницæйы æргътæм гæсгæ 200 милуан сомы бæрц къаддæр.

Хæстон куыстад сабыр продукци уадзынмæ здахыны æууæлты, æппæт промышленностимæ абаргæйæ, фæфылдæр адæмон фæлхасады товарты рауагъд (уæлдайдæр цардыуаджы вазыгджын техникæ) хъахъхъæнынадон къабæзты куыстуæтты, Уыцы куыстуæтты товарты рауагъдыл бафтыд 24 проценты.

Товарты рауагъд, фæсарæнтæй кæй цæуынц, кооперативон æмæ хицæн фæллойадон архайд кæй фæтыхджындæр, уыдæттæ радтой розницæйы товарты зилдух 7 миллиард сомы аргъ фæфылдæр кæныны (æцæг æргътыты 13,5 проценты) фадат). Товарты зилдухæн цы бæрц нысангонд уыд (1990 азæн сбæлвырдгонд), уый æххæстгонд æрцыд 103,9 процентæй.

Хойраджы базары уавæр фидар кæй нæу, уымæ гæсгæ дарддæр æфтыд æргътыл колхозон базарады. Фароны фыццаг кварталимæ абаргæйæ, уыдон, æмтимæй райгæйæ, фесты 15 проценты фылдæр.

Январы — мартъийы, фидгæ кæмæн у, уыцы лæггæдты бæрц рауад 9,4 миллиард сомы, уый 1989 азы уыцы рæстæгæй у 7 проценты фылдæр.

Æхца дæттыны æппæт гуыренты хардзæй цæттæгонд æрцыд, сæ нумæйаг фæрауат 8 милуан квадратон

Продукци дæттыны фæдыл бадзырдтæм гæсгæ химæрайст хæстæ промышленносты паддзахадон заказтæ æмæ фæлхасгæнджытимæ комкоммæйы бастдзинæдтæм гæсгæ æххæстгонд æрцыдысты 99,0 процентæй, продукци лæвæрд æрцыд 1,2 миллиард сомы аргъ къаддæр 1989 азы фыццаг кварталы 99,4 проценты, ома 0,7 миллиард сомы).

Промышленнон куыстуаты нумæйаг бæрц фæцис фароны фыццаг кварталæй 0,4 проценты къаддæр. Уыцы рæстæг суткæмæ рæстæмбис нымадæй уагъд цыдис 0,4 проценты фылдæр (ацы аз январы — мартъийы фарон уыцы рæстæгæй иу кусгæ бон къаддæр).

Фæлхасады товарты рауагъд (къорд «Б») фæцис фароны уыцы рæстæгæй 5,8 проценты фылдæр, уыцы рæстæг куыстадон фæрæзты куыстад та (къорд «А») 2,3 проценты къаддæр. Промышленносты фæллойы æнтыстдзинадыл бафтыд 1,5 проценты.

Нывыл пайдагонд нæ цæуы, цы хъарутæ сцæттæ вæййы, уыдонæй. Ног куыстуæтты дыууæ æртыццаг хайы проектон хъарутæй афоныл пайдагонд нæ цæуы.

Фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, фыццагæм кварталы республикæйы агропромышленнон комплексы къаддæр ист æрцыд дзидза æмæ æйчытæ, зынгæ къаддæр æлхæд æрцыд парникты — теплицæты халсартæ. Дзидза æмæ æйчытæ къаддæр ист кæй æрцыд, уымæ гæсгæ дзы æлхæд дæр æрцыд къаддæр. Фос æмæ мæргътæ къаддæр бадхæдтой республикæйы 45, æхсыр — 16, æйчытæ — 56 территорийы.

Уæрæсейы Федерацин сæрæхст фыццаг кварталæн паддзахадон заказимæ æппæтцæдисон фондмæ фосдарынады продукттæ раттынæй. Фæлæ уымæ кордраны læмæгъ æгъдауы фыдæй цæдисон-республикон фондмæ дæвæрд æрцыд 86

Минералон хъацæнтæ læвæрд æрцыд 3,1 милуан тоннæйы, чъыры æрмæг — 6,7 милуан тоннæйы; фароны фыццаг кварталимæ абаргæйæ, уыдон læвæрд æрцыдысты къаддæр.

Агропромышленнон комплексы рæзтæн, хъæууон хæдзарадæн куыстадон фæрæзтæ чи дæтты, уыцы къабæзтæ дæр нымайгæйæ, æхцайы æппæт гуырæнтæй пайдагонд æрцыд капиталон бавæрдтытæ 5,3 миллиард сомæй, кæнæ та афæдзы лимиты 15 процентæй, уымæ УСФСР-йы æнæсаумæр зонæйы — 1,9 миллиард сомæй.

Паддзахадон централизацигонд капиталон бавæрдтыты куыстуæтты æмæ организацийы фонды хардзæй сæйраг фондтæ скуыста 11 миллиард сомы аргъ.

Паддзахадон куыстуæттæ æмæ организацитæ спайда кодтой паддзахадон бюджетæй дæттæ капиталон бавæрдтыты 9 миллиард сомæй (афæдзæн фидаргонд лимиты 18 процентæй), хи фæрæзты 11,5 миллиард сомæй (афæдзы бæрцы 17 процентæй).

Цы куыстуæттæ нс, уыдон ног техникæйæ сифтонг кæныныл æмæ сæ фæногдæр кæныныл хардзгонд æрцыд 4,9 миллиард сомы, кæнæ та 1989 азы январы — мартъийæ 2,4 проценты фылдæр. Капиталон бавæрдтыты иумæйаг бæрцæй уыцы нысантыл 85 проценты уыдысты куыстуæтты æмæ организацитæн сæхи фæрæзтæ.

1990 азы паддзахадон заказы 429 объекты сцæттæ кæныны сæйрагдæр нысангонд сты цыппæрæм кварталæн. Фыццаг æрмæг лы дзы скуыста, 1989 азы чи хъуамæ сцæттæ уыдаид, 13 адæмы. Паддзахадон заказы куыстадон хъарутæ сараныæн цы капиталон бавæрдтыты бæрц нысангонд уыд, уымæй январы — мартъийы пайдагонд æрцыд 10 процентæй, æрдз хъахъхъæныны нысаниуæгады объекты — 15 процентæй.

Республикæйы подрядон

хуыздæр кæны. Транспорты уæзæгтæ ласыны уавæр нырма у вазыгджын, уый къуылымпы кæны промышленнон куыстуæтты архайд, хъæддых уавæр æвзæрын кæны адæмы фæлхасадон товартæй æфсадыны хъуыддаджы, кæны зынгæ материалон æмæ финансон зиантæм. Фæфылдæр сты фыдбылызтæ транспорты.

1990 азы фыццаг кварталы УСФСР æндæр бæстæтæм товартæ ауæй кодта 9,7 миллиард сомы аргъ. Уыдоны цыппар фæндзæм хайы бæрц уыдысты хомаг, æрмæг, артаг æмæ æрмæстдæр 20 проценты — машинæ -техникон продукци.

Республикæйы дæлбарады куыстуæттæ æмæ организацитæ æндæр бæстæтæм уæй кæнынæн продукттæ раттой 371 милуан сомы аргъ.

Æддагон экономикон бастдзинæдты 900 архайæгæй фылдæр (УСФСР-йы зæххыл хъæуды цы 9 мины нс, уыдонæй) комкоммæ баст уыдысты фæсарæйнаг æмгуыстгæнджытимæ. 1990 азы фыццаг кварталы уыдон фæсарæнтæм аластой продукци 94 милуан сомы аргъ, ласгæ та æрбакодтой 145 милуан сомы аргъ.

УСФСР-йы зæххыл æддагон экономикон архайдмæ бавнæлдтой 250 иумæйаг куыстуаты. Уыдон январы — мартъийы продукци фæсарæнтæм арвыстой 25 милуан сомы аргъ, ласгæ та æрбакодтой 80 милуан сомы аргъ.

Фæлæ уыимæ 1990 азы фыццаг кварталы, æмткæй райсгæйæ, УСФСР фарон уыцы рæстæгæй 2,6 проценты кæддæр продукци алыгъ æндæр бæстæтæм. Æддагон экономикон архайды рæзтыл фæстæмæ хæцынц УСФСР-йы адæмон хæдзарады æвзæр уавæр, фыдбæстæйаг машинæтæ æмæ кусæнгæрзтæ ерысхъом тынг læмæгъ кæй сты, хицæн хæ маджы товартыл фæсарæнты æргътæ кæй фæкъаддæр сты, уыдæттæ.

• • •

нартхор бафснайдтой 76 центнерæй фылдæр. Æмæ ам æвиæтæй хуыдæр уавæртæ нæй. Кусгæ хуыдæр бакодтой. Хуымтæ байтауынæй тыллæг æфснайыны онг æвпæт куыстытæ дæр бакодтой интенсивон технологийы домæнтæм гæсгæ. Æмæ та ныр дæр цæлыккаг зæхкусджытæ фидар бындур сæвæрдтой нартхоры хъæздыг тыллæгæн.

Фæлтæрддзинад куыд равдыста, афтæмæй хуыздæр æнтыстдзинæдтæ сæ къухы бафты, арендон подрядмæ чи рацыдаид, уыцы механизаторты къордтæн. Ныр цалдæр азы ахæм мадзалæй кусынц Æрыдоны Кировы номыл колхозы Мысойты Таймуразы мехкъорды уæнтæ. Æмæ алы аз дæр сæ къухы бафты ахъаззаджы æнтыстдзинæдтæ. Сæ хуымтæй хъæздыг тыллæг райсыны, уыдон дæр. Ацы аз та сæ хъуыддæгтæ хуыздæр цæуынц. Нартхор тауынмæ нырма æрæджы бавнæлдтой, афтæмæй сын бирæ бантыст.

Нартхоры куыстмæ дæсны чи у, ахæм механизатортæ нæ республикæйы ну æмæ дыууæ нæй. Соцналистон Фæллойы Хъæбатыртæ Æлбегаты Харитон, Алæгаты Темырби, Дзгойты Еруслан æмæ æндæрты æнтыстдзинæдты кой чи нæ фехъуыста, ахæм нæй. Уыдон-ну гектарæй 100 центнеры райстой нартхор. Æмæ кусгæ дæр афтæ кодтой. Зыдтой ахуырады æнтыстдзинæдтæ æмæ сæ фидарæй æххæст кодтой. Рагуалдзæгæй суанг фæззæг тыллæг æфснайæнтæм уыдон хуым æвæгæсгæрæй никуы уагътой. Æвзартæ донæй æфсадгæйæ, та æхсæвæй-бонæй куыстой. Уæлдай særдиагдæрæй та сæхи тауæнтæм цæттæ кодтой. Цавæрфæнды нартхоры мыггаг сын-ну куы радтой, уæддæр-ну сæхæдæг рагацау сбæрæг кодтой йæ хæрзхъæддзинад, алы сæдæ нæмыгæй дæр цал равзæрдзæн, уый. Æмæ-ну уымæ гæсгæ таугæйæ, никуы фæрæдыдысты.

Фæлæ раззагдæрты хъæздыг фæлтæрддзинадæн уæрæх фæндаг лæвæрд не 'рцыд. Командон-административон системæйы аххосæй зæхкусджыты разæнгардзинад мынæгæй-мыпæгдæр кодта. Уымæн æмæ сæ фæллойæн хицау нæ уыдысты. Дыууадæсæм фондзазоны республикæ алы аз дæр нартхор райста 160 мин тоннæйы, нуæндæсæм фондзазонимæ абаргæйæ 21 проценты къаддæр. Уыцы азты æвзæрдæр бæрæгæнæнтæ сæ къухы æфтыд Æрыдоны æмæ Рахизфарсы районтæн. Бирæ хæдзарæдты разамонджытæ уый кæнынц æрдзон уавæрты аххос. Фæлæ бынтон раст не сты. Азым сæхимæ дæр хауы. Фаг æргом не здæхынц нартхоры куыстадмæ. Æххæстгонд нæ цæуынц агротехникæйы домæнтæ, уæлдайдæр та тауæнты рæстæг.

Уый тыххæй бирæ æвдисæнтæ æрхæссæн нс. Фарон Кировы районы колхоз «Кавказ» æмæ К. Марксы номыл колхоз алы гектарæй дæр нартхор бафснайдтой 51 — 67 центнеры, Ставд Дурты колхоз æмæ колхоз «Рæстдзинад» та — 30—31,9 центнеры. Сæ сыхаг хæдзарæдтæй дзæвгар къаддæр тыллæг райстой Æрыдоны районы совхозтæ «Нарт» æмæ «Æрыдон». Мæздæджы районы колхоз «Уæлахиз» æмæ совхоз «Хурыхъæу». Афтæ Дыгуры æмæ Æрæфы районты нуæй-ну хæдзарæдты дæр. Æмæ уыдонæн æрмæст æвзæр æрдзон уавæрты аххос нæу. Хæдзарæдты разамонджытæ æмæ специалисттæ сæхæдæг бирæ рæдыдтытæ æруагътой.

Алы аз дæр дæс мин гектары бæрц республикæйы хæдзарæдтæ нартхор байтауынц рапсы фæстæ. Æмæ уый хорз у. Афтæмæй зæхх фылдæр пайда дæтты. Фæлæ нуæй-ну хæдзарæдтæ рапс æрæрмæ бафснайынц. Уый аххосæй æгæр ныддæргъæтин æвйынц нартхор тауыны куыстытæ. Цæмæй афтæ ма рауайа, уый тыххæй хæдзардзинæй пайда кæнын хъæуы рапсæй. Фæзуæттæ бирæ кæй æвйынц, уымæ гæсгæ дзы фермæтæм ласынæй уæлдай цæттæ кæнын хъæуы фæлвых хос, кæрдæджы ссад.

Ныртæккæ рæстæг æнæкъæвда хæссы æмæ кæд мæрæн уыйбæрц пайда нæу, уæддæр фадат дæтты уыны куыстытæ афоныл, агротехникон домæнтæм гæсгæ ахицæн кæнынæн. Уæдæ гæнæнтæ æмæ авналæнтæ дæр амонынц. Иннæ азты-ну хæдзарæдтæ афоныл нæ райстой нартхоры мыггаг, æмæ зæхкусджытæ тыхстысты уыл. Ацы аз æндæр у уавæр. Иунæг хæдзарад дæр мыггагхъуаг не суыдзæн. Техникæ æмæ æндæр фæрæзтæй дæр нфтонг сты. Æрмæст уыцы гæнæнтæй спайда кæнын хъæуы æххæстæй. Уый та тынгдæр аразгæ у хæдзарæдты разамонджытæй, специалисттæй, партион, профцæдисон организацитæй. Нысантæ сын зындгонд сты. Уыдон бæлвырд амынд сты республикæйы Агропромсовет «Хор», зæгъгæ, цы программæ сарæзта, уым.

Хорз бæрæггæнæнтæ цæмæй къухы бафтой, уый тыххæй мадзæлттæ амынд сты программæйы: Æмæ сæ фидарæй æххæст кæнын хъæуы. Хъуыддаг фæстæмæ æргъæвæн нæй.

Фыццаг кварталы куыстытæ æмæ службæгæнджытæ мæйы рæстæмбис куысты мыздæй уыдис 281 сомы, æмæ йыл бафтыд 9 проценты, колхозонты мыздæй уыдис 210 сомы, бафтыд ыл 13 проценты.

1990 азы 1 январæй фæстæмæ ног фылдæргонд куысты мыздæтæ нысангонд æрцыдысты культурæйы куысджытæн Цæгат Дзæскасейнаг. Скæсæн Сыбыраг Ныгуылæн - Сыбыраг экономикон районты, стæй, Чернобылы АЭС-ы фыдбылызы фыдæй радиоактивон чъизи кæмæ фæхæццæ, УСФСР-йы уыцы горæттæ æмæ хъæуты. 1 мартъийæ фæстæмæ ма фæллойæн мыздæй фидыны ног æууæлтæ нысангонд æрцыдысты Паддзахадон арбитражы органты куысджытæн.

Адæм фæлхасады æхсæнадон фондтæй уæлæмхасæн æфтиæгтæ æмæ льготатæ райстой 30 миллиард сомы. Уый 2,6 миллиард сомы, æнæ 9,5 проценты фылдæр у фароны фыццаг кварталæй.

Адæмы æхцайы æфтиæгтæ уыдысты 88,9 миллиард сомы æмæ 1989 азы январь-мартъимæ абаргæйæ, фесты 10,4 миллиард сомы кæнæ 13,2 проценты фылдæр (афæдзæн пълангонд цыдис 3,6 проценты). Товартæ æмæ лæггæдтыл адæмы фæлхæстæ фесты 12,9 проценты фылдæр.

Фароны фыццаг кварталимæ абаргæйæ, адæмон фæлтой розницæйы товарты зилдух 7 миллиард сомы аргъ фæфылдæр кæныны (æцæг æргъы 13,5 проценты) фадат). Товарты зилдухæн цы бæрц нысангонд уыд (1990 азæн сбæлвырдгонд), уый æххæстгонд æрцыд 103,9 процентæй.

Хойраджы базары уавæр фидар кæй нæу, уымæ гæсгæ дарддæр æфтыд æргътыл колхозон базарады. Фароны фыццаг кварталимæ абаргæйæ, уыдон, æмткæй райсгæйæ, фесты 15 проценты фылдæр.

Январы — мартъийы, фидгæ кæмæн у, уыцы лæггæдты бæрц рауад 9,4 миллиард сомы, уый 1989 азы уыцы рæстæгæй у 7 проценты фылдæр.

Æхца дæттыны æппæт гуырæнты хардзæй цæттæгонд æрцыд, сæ нумæйаг фæзуат 8 милуан квадратон метры кæмæн у, 125 мин ахæм фатеры, уый у фароны фыццаг кварталæй 8 проценты къаддæр.

Республикæйы бирæ горæтты æмæ регионты ныр дæр ма уавæр у вазыгджын. Иуæй-ну районты фæчъизидæр алфамблай æрдз. Æрдз хъахъхъæнæг оргæнтæ баурæдтой алфамблай æрдз чъизигæнæг хицæн куыстуæттæ, уымæ, тынг стæм продукци чи уадзы, ахæмтæ дæр.

1990 азы фыццаг кварталы УСФСР-йы хыгъд æрцыд 384,2 мин фыдракæнды, уый у фарон уыцы рæстæгæй 17 проценты фылдæр, æргомгонд дзы æрцыд 54 проценты.

Ныртæккæ сæ тыхтæ сараэзтой нартхор байтауынмæ, æмæ сын хорз æнтысы. Цыбыр æмгъуыдтæм уал тыд фесты силосы нартхор. Ныр та тауынц мыггаджы нартхор. Ацы культур сæм бацахсдзæн 450 гектары æмæ уал дзы тыд æрцыд 150 гектарæй фылдæр. Хуыздæр æнтыстдзинæдтæ сæ къухы æфты Баскаты Хъазыбеджы арендон бригады механизатортæн. Хæслæвæрд 12 гектары уæвгæйæ сæ алчидæр нартхор байтауы 15 — 18 гектары.

Фыццаг кварталы республикæйы социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæ дзурынц уыл, æмæ æнæмæнг фæтагълдæр кæнын хъæуы экономикæ социалон нысантæм тынгдæр здахынмæ, финансон æмæ фæлхасадон базар фенæсахъатдæр, фæрæзты æппæт хуыздæр ахадгæдæр пайда кæнынмæ, куыстуæтты хæдзарадон хæдбардзинадæн æууæлтæ аразынмæ, фæллойадон коллективты хъæппæрис æмæ бæрнондзинад фылдæр кæныны йæ нысан кæмæн у, уыцы экономикон реформæ.

(СЦТА).

Орджоникидзейы электрон цырæгътыл заводы химæрайст хæстæ æмгъуыдæй бирæ раздæр ахицæн кодта 2-æм цехы коллектив. Æнтыстджын куыстæн стыр ахъаз кæны æмбырдгæнджытæ Джыгкайты Занрæ æмæ Чертыхъоты Азæйы æнæзардæхудт фæллой. Уыдон æмбырд кæныны автомашинæйы электрон цырæгътæ æмæ сæ алчидæр йæ хæслæвæрдтæ ахицæн кæны уалдайджынтæй.

КЪАМЫ: ДЖЫККАЙТЫ Занрæ æмæ ЧЕРТЫХЪОТЫ Азæ.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

БИРÆ СЫН ÆНТЫСЫ

Мæздæг. (телефонæй). Нæ уацхæссæг нæм куыд хъусын кæны, афтæмæй уалдзыгон куыстытæ рæвдз цæуынц колхоз «Октябры 40 азы». Механизатортæ хорз куыстгонд зæххыты цыбыр æмгъуыдтæм тыд фесты холладжы культуртæ, æхсынæн, ныссагътой картоф, базылдысты фæззыгæндтæм.

Ныртæккæ сæ тыхтæ сараэзтой нартхор байтауынмæ, æмæ сын хорз æнтысы. Цыбыр æмгъуыдтæм уал тыд фесты силосы нартхор. Ныр та тауынц мыггаджы нартхор. Ацы культур сæм бацахсдзæн 450 гектары æмæ уал дзы тыд æрцыд 150 гектарæй фылдæр. Хуыздæр æнтыстдзинæдтæ сæ къухы æфты Баскаты Хъазыбеджы арендон бригады механизатортæн. Хæслæвæрд 12 гектары уæвгæйæ сæ алчидæр нартхор байтауы 15 — 18 гектары.

Хорз цæуынц ацы аз Æрыдоны районы Мичурины номыл колхозы фосдарджыты хъуыддæгтæ. Афæдзы фыццаг æмбисы сæ паддзахадæн æхсыр ауæй кæнын хъæуы 635 тоннæйы. Уыдонæй уал цыппар мæймæ уæйгонд æрцыд 400 тоннæйы. Цæмæй æхсæз мæйы пълан æххæстгонд æрцæуа, уый тыххæй сæ æрвылбон дæр æхсыр уæй кæнын хъæуы 3800 килограммы, уæй та акæнынц 4500 килограммы. Уый фарон ацафонæй у дыууæ хатты фылдæр.

Ныртæккæ фосæн фаг лæвæрд цæуы цъæх хохлæгтæ, æмæ æхсыры æрæгон рæзы. Раззагдæр хъугдудджытæ Гогаты Азæ, Калоты Рая, Бызыккаты Галинæ æмæ Плиты Альбинæ суткæмæ хъугæй дуцынц 14—15 килограммы æхсыр. Хорз зылд цæуы læппын фосмæ дæр, æмæ бирæ æфты сæ уæзыл. Суткæмæ алы роды уæзыл дæр бафты 500—550 граммы, пълан 400 граммы уæвгæйæ.

ФЫЛДÆРТÆЙ

ФЫЦЦАГ БОНТÆЙ ФÆСТÆМÆ

Бесланы автомобилты сæрмагонд кусæнгæрæты завод Рахизфарсы районы промышленнон куыстуæтты 'хсæн нымад у раззагдæртæй иуыл. Иæ коллектив æдзухдæр архайы йæ хæслæвæрдтæ æнтыстджынæй ахицæн кæныныл. Уый йæ къухы æфтгæ дæр кæны.

Ацы азы фыццаг бонтæй фæстæмæ дæр фæллой кæны дысвæлдæхтæй. Цыппар мæйы куысты æппæт техникон экономикон бæрæггæнæнтæ дæр рауадысты дæрдæмæдзæугæ.

Фароны уыцы афонимæ абаргæйæ фæллойы æнтысындзинадыл бафтыд цыппар проценты. Уый фæрцы уæлæмхасæн продукци уагъд æрцыд мингай сомты аргъ. Бадзырдтæм гæсгæ фæлхасгæнджытæн продукци æрвыст æрцыд, цас нысан кодтой, уый бæрц.

Заводы алы мæй дæр хыгъд цæуынц социалистон ерысы бæрæггæнæнтæ. Раззаг бынæттæ чи æрцахсы, уыцы коллективтæн сакках кæнынц Сырх тырысатæ æмæ æхцайы премитæ. Уый куысджыты разæнгард кæны ноджы хуыздæр фæллой кæнынмæ.

1 Майы бæрæгбон хъæлдзæгæй арвитгæйæ, заводы фæллойгæнджытæ разæнгардæй бавнæлдтой сæ хæслæвæрдтæ æххæст кæнынмæ.

КЪОЛАТЫ З.

РАЙОНТЫ ПАРТИОН КОНФЕРЕНЦИТÆ

НАД ФÆНДАГЫЛ

Райкомы разамынды ивддзинæдтæ кæй уыдзæн, уымæ гæсгæ дзы хъуыддаджы ныхас рауайдзæн, — дзырдтой Горæтгæрон районы XXVIII партконференцийы архайджытæй чидæртæ. Æмæ чи зоны, уыцы ныхæстæм гæсгæ, чи зоны та, ныртæккæ нæ цæстæнгас, нæ ахастдзинад партимæ кæй æндæрхуызон кæнынц, æхсæнадон царды йын йæ ахадындзинад æмæ йæ бынатыл тынгдæр кæй хъуыды кæнæм, уымæ гæсгæ æнхъæлмæ кастыстæм ныхмæвæрд хъуыдытæм, хъуыддаджы ныхасмæ. Фæлæ дзы аххæмæй ницы уыд. Конференци цыдис раздæры над фæндаджы хуызæныл, сабыр, лæгъз, æнæ хъинцджей, хъæлæс тыхджындæргæнæн техникæйы хъыррыст куынæ нымайæм, уæд. Быцæу ныхас-иу дзы рауад, партийы райкомы уæнгтæм æмæ контролон-ревизион къамисмæ кандидатурæтæ, облæстон партион конференцимæ делегаттæ куы æвзæрстой, уæд.

Кæд мыййаг конференцийы цыдæн ахæм уаг партийы райкомы фыццаг секретарь М. М. Зимовецы доклад радта? Æмтгæй райсгæйæ мидисджын уыдис, партион организацийы царды æппæт къабæзтыл дæр æххæссыд, уыдис дзы критикæ дæр. Фæлæ уыцы критикæйы нæ уыд бæлвырддзинад. Уый та, махмæ гæсгæ, æнæмæнг хъæуы хъуыддаджы ныхас расайынæн.

Æнæ сразы уæвæн нæй ахæм ныхæстимæ, районы æнтыстдзинæдтыл æрлæууыны фæстæ, докладгæнæг афтæ кæм зæгъы: «Фæлæ уæддæр районы хъуыддæгты уавæр у цауд, уымæн æмæ хъуагдзинæдтæ нуварсгонд цæуынц сындæг, куысты фæстиуджытæ нуæй-ну къабазы зынгæ дæр нæ кæнынц, не сты ахадгæ.

Рацарæзт районы партион организацийæн нæма сси авиалæнтæй, мидфадæттæй æххæстæй пайда кæныны сæйраг рахæцæн. Организаторон æмæ политикон куыст лæмæгъ баст у экономикæ æмæ социалон къабазы разы фарстатимæ, фæллойадон коллективты моралон-психологон климæт хуыздæр кæныны куыстимæ. Нæма скуынæг сты советон æмæ хæдзарадон оргæнты хæстæ химæ исыны цаутæ, бынтон бæлвырд нæма сты районы экономикæйы рæзты сæйраг, пайдайагдæр фæндæгтæ. Уæдæ уынаффæтæ та куыд æххæстгонд цæуынц? Уыдонæй бирæтæ раздæрау фыстæй баззайынц гæххæттыл. Уый тыххæй дзæвгар дæнцæгтæ æрхæссæн ис».

Докладгæнæджы бæргæ хъуыд, æгæрыстæмæй, дæнцæгтæй иу цалдæр æрхæссын, фæлæ...

Дзæвгар бынат бацахста доклады районы партион организацийы социалон-экономикон политикæ. Æмæ уый раст у. «Иу кæнæ иннæ фарстаты фæдыл æрмæст дискусситæ чи аразы, ахæм парти никæй хъæуы, — дзырдта М. М. Зимовец. — Æппæт коммунисттæ дæр хъуамæ æмбарой, экономикон фарстатæй нуварс ацæуын партийæн политикон мæлæт кæй уанд, уый».

Дарддæр М. М. Зимовец дзырдта партион организацийы алы коммунисты идеологон куыстмæ ног домæнты тыххæй, æхсæнады разамынды политикон мадзæлтты бындуртæ ахуыр кæныны хъуыддагмæ сæ ахасты тыххæй.

Партийы райкомы, райдиан партион организацийы къухы уыцы ног домæнты амынд сæйраг хæстæ сæххæст кæнын бафтыд æви нæ, хи идейæтæ тыххæй тъыссыны нæ, фæлæ адæмæн уырнын кæныны фæрцы хъуыддæгтыл, хабæрттыл сæ æууæндын кæнын, ныхмæвæрд хъуыдытæ æмæ адæмимæ бастдзинад парахат кæнын сын бантыст æви нæ?— фæрсы докладгæнæг. Æмæ фарстæн йæхæдæг дзуапп дæтты: «Цард куыд равдыста, афтæмæй бирæ партион куыдзытæ, идеологон актив ног æууæлты кусынмæ разындысты æдзæттæ. Фыццаджыдæр уый рабæрæт ис адæмимæ æргом ныхас кæнынмæ нæ арæхсыны хъуыддаджы. Уæвгæ уымæн æфсон ис. Адæймаджы социалон активондзинадæн рæзæн цауд экономикæйы бындур, æвдæр, фæйнæг æмæ æндæр арæзтадон æрмæг. Республикæйы агропромцæдисы разамоидзытæм та къахкусыд баистæм арæзтадон æрмæджыты тыххæй, фæлæ сæ зæгъел дæр нæ зонæм æхсуыс. Афтæмæй та мах дзурыл, кæд уым идеологон куыдзытæ дæр аххосджын сты, уæддæр».

Сæрмагонд æргом здæхт æрцыд доклады районы цæрæг нациты 'хсæн ахастдзинæдтæм. Нациты 'хсæн ныры ахастдзинæдтæ партийы райкомæй, партион комитеттæй æмæ организацитæй домынц, сæ фæхуыздæр кæнынæн ахъаз чи уа, ахæм политикон механизм саразын. Хæс ис уый мидæг, цæмæй нæм ивгъуыд рæстæгæй ацы хъуыддаджы цы уæззау бынтæ æрхауд, уыдон лыг кæныны тыххæй ссарæм æмæ рахæссæм пайдайаг уынаффæтæ.

Зæрдыл дарын хъæуы уый, æмæ национализм æмæ шовинизмæн нудзинадæй ницы ис партинмæ. Дарддæр дæр партийы рæнхъытæ сыгъдæгтæнинаг сты, коммунисты ном чи худинаг кæны, уыдонæй. Уыцы куыст кæнын хъæуы æргомæй, алы партионы æхсæнадон цæстæнгас æмæ, куыд адæймаг, афтæ йæ кадмæ æргом здахгæйæ.

Конференцийы архайджытæ байхъуыстой ревизион æмæ мандатон къамисты сæрдартæ Плиты Алихан æмæ Гусаты Юрийы докладтæм æмæ сæ банымадтой хорзыл.

Райдыдтой доклады фæдыл раныхæстæ. Сæхи раныхас кæнынмæ æрцæттæ кодтой 26 адæймаджы, фæлæ дзы æрмæстдæр цыппæрдæсмæ æрхауд дзырды бар.

Зын зæгъæн у, сæ къухы 'рибунæмæ рацæуын кæмæн нæ бафтыд, уыдон цæуыл дзырдтаиккой, уый. Фæлæ раныхас кæныны бар кæмæ 'рхауд, уыдон дæр — Камбилеевкæйы химион заводы партбюройы уæнг Л. Помогайбо, совхоз «Первомайский»-ы фосдарæн цехы хицау Кæлухты Л., совхоз «Россия»-йы техникон æдасдзинады инженер, партбюройы секретарь А. Дарсигов, колхоз «По заветам Ильича»-йы дыккæгæм трактороп бригады хыгъдхæссæг Н. Кауда, Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы парткомы секретарь Гугкаты Д., районы хæсты æмæ фæллойы ветераны советы сæрдар Гæбуты А., завод «Архонскптицемаш»-ы кусæг А. Демченко, Джызæлы хъæусоветы æххæсткомы сæрдар Гуыдиаты Б., районы миддъуыддæгты хайады хицауы хæдивæг А. Зариев хæсты æмæ фæллойы ветеран Хæныкъаты Х., хъыгагæн, бирæ ницы баххæст кодтой доклад, райкомы адрисыл фаг критикæ нæ уыд сæ раныхæсты. Раныхасгæнджытæн сæ фылдæр дзырдтой сæхи хæдзарæдты æмæ куыстуæтты коллективты хъуыддæгтыл. Æрмæст иунæг хъуыды раехыспыдау ахызт æппæт раныхæсты дæр: партийы райкомы кусджытæ стæм хатт вæййынц бынæтты, ома куыстуæтты, колхозты æмæ совхозты коллективты. Уый тыххæй дзырдта Ленины номыл колхозы парткомы секретарь Саулаты Фидар дæр:

— Райкомы кусджытæ сæ рæстæг фылдæр æрвитынц кабинетты, фаг нæ ныхас кæнынц адæмимæ, нæ сын æмбарын кæнынц, бæстæйы цы вазыгджын политикон процесстæ цæуы, уыдон.

Карз, фæлæ бындурон уыдис, ' махмæ гæсгæ, иунæг раныхас — Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, куыстадон иугонд «Хæххон»-ы наукон кусæг Беккуызарты Русланы раныхас. Уый загъта, зæгъгæ, доклады амынд не 'рцыдысты районы рæзты пайдайагдæр фæндæгтæ. Ныртæккæ районы бон нæу йæ цæрджыты хойраджы продуктгæй æфсадын. Афтæмæй цы хъуамæ радта горæт Орджоникидзейæн? Ныхасгæнæг загъта, уыцы фарстайæн алыгæнæн ис, зæгъгæ. Фæлæ райдайын хъæуы, фидæныл хъуыды кæнын дæр чи зоны, ахæм разамонджытæ æвзарынæй. Хъæууон хæдзарад æнæмæнг сæвæрын хъæуы наукон бындурыл фæлæ мах арæх сæмбæлæм ахæм цаутыл дæр æмæ стуртæн холлаг раттынмæ дæр иæ арæхсæм.

Районы фæсивæды фарстаты фæдыл уыд йæ раныхас ССР Цæдисы адæмон депутат, ФÆЛКЦ-йы райкомы бюройы уæнг, механизацигонд хъæды хæдзарады инженер Гаглойты Аланæн.

Фæстаг раныхасгæнæг райæххæсткомы сæрдар Хъуысаты Таймураз загъта: «Нæ фыццаградон хæс у æппæт адæмы тыхтæ дæр æнæаргъæвгæ фарстатæ лыг кæнынмæ саразын. Бацæттын ыл хъæуы, нырма нæ партион организаци дзуапп нæ дæтты, цард ын йæ размæ цы домæнтæ æвæры, уыдонæн. Коммунисттæй бирæтæм нæма бахъардта рæстæджы комулæфт. Бирæты зондахасты дзы æрфидар демократи хирдыгонау æмбарыны цæстæнгас, уымæ гæсгæ нæм сарæх сты, дзæгъæлдзырд чи кæны, ахæмтæ, ныхъуырд та сын ничи дæтты».

Конференцийы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы дыккаг секретарь А. Г. Павленко. Уый районы коммунисттæм фæсидт партийы рæнхъыты сыгъдæгдзинадыл тох кæнынмæ.

Партийы Горæтгæрон райкомы фыццаг секретарь М. М. Зимовец æндæр куыстмæ ивд кæй цæуы, уымæ гæсгæ конференцийы равзарын хъуыдис районы партион организацийы ног разамонæджы. Разамонæг кадртæ цæттæгæнæг къамис районы коммунисттæ тæрхонмæ рахаста дыууæ кандидатурæйы: Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы сæрдар Джусойты П. П. æмæ Алагиры районы Цæлыччы-фырты номыл колхозы сæрдар Тедеты П. Р. Фылдæр хъæлæсгæм гæсгæ партийы Горæтгæрон райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Джусойты П. П.

Конференци равзæрста партийы райкомы уæнгтæ, контролон-ревизион къамис делегаттæ облæстон партион конференцимæ, стæй фæндон бахаста облæстон партконференцийы СЦКП-йы XXVIII съездмæ делегатæй партийы обкомы дыккаг секретарь А. Г. Павленкойы равзарыны тыххæй.

Конференцийы куысты архайдтой облсовпрофы сæрдар Дойаты Хъ. М., СЦКП-йы обкомы партион контролы къамисы сæрдар Зæгъойты Г. Л.

ХЪАЙТЫХЪТЫ Е.,
БАГАТЫ А.

Æлхъывд уæлдæфæй кусæнгæраты заводы фæллойы ветерантæ Владимир Тимофеев æмæ Юля Боташæн сæ нысан у афæдзы хæслæвæрдтæ дыууæ мæйы раздæр ахицæн кæнын æмæ сæ ныхас æххæст кæнынц хъуыддагæй. Алчидæр сæ уадзы хæрзхъæд продукци æмæ йæ дæттынц ну бавдыстæй.

КЪАМЫ: Владимир ТИМОФЕЕВ æмæ Юля БОТАШ.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

РАЗЗАГДÆРТИМÆ

Республикæйы раззагдæр хæдзарæдтæй иу Хъахъхъæдуры Карл Марксы номыл колхозы фосдарджытæ та ацы хатт дæр фæллойадон лæвæрттимæ сæмбæлдысты Фыццаг æм майы бæрæгбоныл. Уæлдайджынтæй ахицæн кодтой фондз мæйы пълантæ паддзахадæн æхсыр æмæ дзидза уæй кæныныл. Уыимæ сæм къаддæр хæрдзтæ цæуы продукци райсыныл. Хуыйы дзидзайы центнеры хиаргъ сæм рауад 150 сомы, пълан 170 сомы уæвгæйæ. Ацы хæдзарад фыццаг æм январæй фæстæмæ паддзахадæн æхсыр уæй кæны ног фондзазоны хыгъдмæ. Ам ныр дыккаг æм ас фосдарджытæ фæллой кæнынц арендæйæ.

Ныртæккæ хъахъхъæдуйраг фосдарджытæ бирæ æхсыр дуцынц. Уыдонимæ Антонинæ Смирнова æмæ инæтæ. Æхсыры комплексы коллективæй алчидæр суткæмæ хъугæй æхсыр æрдуцы путæй уæлæмæ. Фосдарджытæ дзырд радтой æхсыр уæй кæнынæй æхсæз мæйы пълан дæсæм маймæ ахицæн кæныныл.

АЛЫ РАН ДÆР — ФИДАР ÆГЪДАУ, ФИДАР ФÆТК

ЛЫСТÆГ ХЪУЫДДÆГТÆ

Æвæдза, царды лыстæг хъуыддæгтæ цас нс. Ницы сты, зæгъгæ, та уæ мачи зæгъæд. Æрвылбоны лыстæг хъуыддæгтæй зæрдæцъæх фестæм. Митингтæ, демонстрацитæ дæр сæ бындурыл арæзт кæй æрцæуынц, уый уæ рох ма уæд. Фæлæ нуæй-ну хицæууттæм рацарæзты тæваг нæма бахъардта. Мидбынаты цоппайы рæстæг куыд уыдис, афтæ ныр дæр лыстæг хъуыддæгтыл сæ сæртæ нæ риссын кæнынц.

Нæ ныхас райдайдзыстæм республикæйы Хæлардзинады хæдзарæй. Кæрæдзийæн хæстæг, кæрæдзи æмбæлттæ, кæрæдзийæн æмгъуыдтæ, кæрæдзийæн æмдзæвгæтæ сæ кæнынц. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ.

Нæ зонут, горæтты æхсæн телефоны бастдзинад куыд кусы, уый? Автоматдын хатыр нæ бакæндзæн. Дзырдтай, æвви нæ дзырдтай, уæддæр дыл уæлдай минуттæ æрфысдзæн. Ивгъуыд аз Ростов æмæ Мæскуыимæ цыма ныхас кодтон, ныр та Алагир æмæ Ленинградимæ, афтæ мыл уæлдай сомтæ æрнымадта.

Бастдзинады автоматтæ «сæрмагондджындзинæ» кæй сты, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ сæ æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ.

Нæ зонут, горæтты æхсæн телефоны бастдзинад куыд кусы, уый? Автоматдын хатыр нæ бакæндзæн. Дзырдтай, æвви нæ дзырдтай, уæддæр дыл уæлдай минуттæ æрфысдзæн. Ивгъуыд аз Ростов æмæ Мæскуыимæ цыма ныхас кодтон, ныр та Алагир æмæ Ленинградимæ, афтæ мыл уæлдай сомтæ æрнымадта.

Бастдзинады автоматтæ «сæрмагондджындзинæ» кæй сты, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ сæ æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ, дам, «лыстæг» хъуыддæгтыл цы дзурыс.

Ныртæккæ нæ дуканнтæ раздæр азтæй мæгуыраудæр сты. Алыхуызон хъæугæ товартимæ фесæфт базарады культурæ дæр. Афтæ уымæн æвзæгъын æмæ дуканнтæм бахызтæ, уæд залты фендзынæ афтид асыччытæ, дзаг голдзытæ, стъолтæ, тухæн гæххæттыты рулонтæ æмæ æндæртæ. Ну ныхасæй, æлхæнджытæ нæм балæууой, уый дæр нæ нæйфы. Базарадæй æрбацæуæг æмæ æрбацæуæг æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ.

Фылдæр хатт иуæй-иутæ кæрæдзийæн бар кæй нæ фæдæттынц æцæгуынæн кæнæ рахизынæн, уый азарæй рауайы тызмæг ныхас. Æмæ, дам, «лыстæг» хъуыддæгтыл цы дзурыс.

Ныртæккæ нæ дуканнтæ раздæр азтæй мæгуыраудæр сты. Алыхуызон хъæугæ товартимæ фесæфт базарады культурæ дæр. Афтæ уымæн æвзæгъын æмæ дуканнтæм бахызтæ, уæд залты фендзынæ афтид асыччытæ, дзаг голдзытæ, стъолтæ, тухæн гæххæттыты рулонтæ æмæ æндæртæ. Ну ныхасæй, æлхæнджытæ нæм балæууой, уый дæр нæ нæйфы. Базарадæй æрбацæуæг æмæ æрбацæуæг æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ.

5 МАЙЫ — СОВЕТТÆМ ДЫККАГ ХАТТ ÆВЗÆРСТЫТÆ

АККАГ КАНДИДАТ

ЦÆУЫЛ ДАРÆМ НÆ ЗÆРДÆ

Æвзæр нæ рауадысты фарон нæ совхозы хъуыддæгтæ. Дзидза уæй кæныны афæдзы пълан сæххæст кодтам 117 процентæй. Пълангæй бирæ фылдæр рауад гектары æвæрад. Уый руæдзы алы стуры хыгъдмæ дæр холлаг раттынмæ дæр æмæ æндæр дзыстæм, иннæ ратдзыстæм базарадон организацитæм. Уымæй уæлдай кæндзыстæм халсарты куыст дæр. Цы цыппар бригады нæм ис, уыдон се 'ппæт дæр рахызтысты арендæмæ. Иу дзы холлаегты бригадæ. Уыдон сæ хæдзарадæй æрбацæуæг æмæ æрбацæуæг æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц, уый та æнæ хъуыддагæй нæ фæкæсынц. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ.

цæуыны сындæг, куысты фæстиуджытæ нуæй-ну къабазы зынгæ дæр нæ кæныид, не сты ахадгæ.

Рацарæзт районы партион организацийæн нæма сси авналæнтæй, мидфадæттæй æххæстæй пайда кæныны сæйраг рахæцæн. Организатор æмæ политикон куыст лæмæгъ баст у экономикæ æмæ социалон къабазы præзты фарстатимæ, фæллойадон коллективты моралон-психологон климæт хуыздæр нæй цауд экономикæйы бынфер, фæйнæг æмæ æндæр арæзтадон æрмæг. Республикæйы агропромцæдисы разамонджытæм та къахихсыд баистæм арæзтадон æрмæджыты тыххæй, фæлæ сæ зæрæл дæр нæ зонæм æххуыс. Афтæмæй та мах хардзæй цæрынц. Алы аз дæр сын нæ хæдзарад фиды 100 мин сомæй фылдæр.

Æмæ нæ æрмæст ууыл куы уадзиккой. Раздæрау сæ зæронд миниуæгæй нæма фæцух сты, уынаффæтæ нын кæныид. Мæ ныхас фæбæлвырдæр кæныны тыххæй æрхæцдзынæн дæицæттæ. Цæвиттон, мах хъуамæ дзидзайы комбинатмæ дæттикам, алкæцыйы уæз дæр 400 килограммы кæмæн уа, ахæм стуртæ. Фæлæ районы пълан æххæстгонд куынæ фæцæуы, уæд нæм æрбадзурынц, æмæ нæ фос радтæм къаддæр уæзæй. Æрмæст фыццæгæм кварталы нын къаддæр уæзимæ дзидзайы комбинатмæ радтын кодтой 150 стуры. Æмæ нын пайдайы бæсты зиан æрхастой 70 мин сомы бæрц. Мæ ныхас канд стуртыл нæ цæуы, 70-80 килограммы онг чи фæласы, ахæм хуытæ дæр нын радтын кæнынц.

Ноджыдæр ма иу хъуыддаг. АПИ æмæ нын республикæйы агропромцæдисы разамонджытæ ницæмæй æххуыс кæнынц, афтæмæй нын тыххæй аразын кæнынц ног фермæйы агъуыстытæ. Цæмæй бавналæм, уыи та нæхимæ нæй. Цæмæй ног агъуыстытæ саразай, уыи тыххæй бирæ хæрдзтæ хъæуы. Нæхимæ цы зæронд скъæттæ нс, уыдон цалцæггонд куы 'рцæуиккой, уæд сæ дарæн ис, æппынкъаддæр æртæ мин стуры. Бадзырдмæ гæсгæ нын хъуамæ районы хæдзарæдтæ алы аз дæр дæттикой 1200 роды. Фæлæ нын æртыццаг хай йедтæмæ нæ радтынц. Цы фос сæ райсæм уыдон дæр низджын æмæ сахъат бæйынц. Уымæ гæсгæ сæм цыфæнды зылд куы кæнай, уæддæр сыл хуыз нæ хæцы. Цæмæй нæ пълантæ æххæст кæнæм, уыи тыххæй нæ стуртæ æлхæныи бахъæуы æндæр районтæ æмæ республикæты дæр. Адæммæй кæй балхæнæм, уыдоныл та фылдæр хæрдзтæ цæуы.

Дыууæ ныхасы зæргъдзынæн хуытæ хæссыны тыххæй дæр. Махæн хуытæ дарын бирæ пайдадæр у. Иуæй сыл къаддæр хæрдзтæ цæуы, иннæмæй æнцон хæссæи сты. Фæлæ сæ кæм дарæм, ахæм бынæттæ нæм фаг нæй æмæ тыхсæм. АПИ-йы разамонджытæм цал æмæ цал хатты уыдыстæм, цæмæй нын арæзтадон æрмæгæй баххуыс кæной, фæлæ марадз æмæ цу. Скъæттæ нæм фаг куы уаид, уæд алы аз дæр дарыккам æппынкъаддæр цыппар мин хуыйы. Пайда у хæдзæрттæм хуытæ хæссынмæ дæттын. Фæлæ уыдон дæр тыхсынц бынæтты тыххæй. Арæзтадон æрмæгæй та сын нæ бон баххуыс кæнын нæу.

Хорз пълантæ нæм нс холлæгты куыстады. Арæзт нæм æрцыд дыууæ агрегаты. Уым лыстæггонд цæудзысты дæрзæг холлæгтæ. Афтæмæй сæ фос хуыздæр хæрдзысты. Амæй размæ-иу силос æвæрдтам раггæнд нартхорæй. Фæлæ нын уыи фаг нæ кодта. Ныр иу зæххæй исдзыстæм дыууæ тылæджы. Тагъд чи цæттæ кæны, ахæм нартхор таудзыстæм, судайнаг кæрдæгæй цы зæххытæ суæгъд уой, уым. Уымæй уæлдай хъæбæрхоры тылларг куы бафснайæм, уæд дзы байтаудзыстæм гречихæ æппынкъаддæр 100 гектары. Иæ хъæмп хорз хол лаг у, нæмыг та базарадон организатæм æрвитдзыстæм. Афтæмæй алы аз дæр нæ бон уыдзæн силос 17 мин тоннæйы цæттæ кæныи. Уыи къухы куы бафта, уæд холлæгтæй æххуыс кæндзыстæм канд хъæубæсты фосæн нæ, фæлæ сыхаг хæдзарæдтæн дæр. Куыд нымайæм, афтæмæй ацы аз алы стуры хыгъдмæ дæр холладжы иуæгтæ æрцæттæ кæндзыстæм æппынкъаддæр 50 центнеры. Холладжы æвæрæнтæ фæфылдæр кæнынæн нын хæхбæсты бирæ хорз гæнæнтæ нс. Æрмæст сæ ныронг фаг нæ пайда кодтам. Ацы аз сæрвæттæ æмæ хосгæрстыл бапырх кодтам минералон хъацæнтæ. Ныртæккæ сæ уавæр хорз у.

Мæ ныхас зæхгуыстыл у æмæ ма æрхæсдзынæн цалдæр дæнцæджы. Ацы аз нæм сагъд æрцыд 50 гектары картоф. Хорз зайы мах уавæрты. Иæ иу хай йын совхозы куыдзытæн ауæй кæнæм, иннæ ратдзыстæм базарадон организатæм. Уымæй уæлдай кæндзыстæм халсарты куыст дæр. Цы цыппар бригады нæм ис, уыдон се 'ппæт дæр рахызтыстыарендæмæ. Иу дзы холлæгты куыст кæны, иннæ æртæ — хоры æмæ халсарты. Уымæй уæлдай нæм ис дыргъдон дæр. Амæй размæ дзы ницы пайда истам. Уымæн æмæ йыл бæлвырд дауапдæттæг нæ уыд. Ныр æй радтам арендатормæ, æмæ йæм базылд. Чи нал бæззы, уыцы бæлæстæ фесæфтам, сæ бæсты ныссагътам, хъæздыг тылларг чи дæтты, ахæм талатæ.

Махмæ хъæубæсты бирæ ис æгуыст адæм. Уымæ гæсгæ сфæнд кодтам хуыйджыты, цъылынтæ бæттæн цехтæ саразын. Иуныхасæй, æппæт дæр араздзыстæм, цæмæй нæм иунæг æгуыст адæймаг дæр мауал уа. Куыд нымайæм, афтæмæй ацы аз нæ сыгъдæг пайдатæ уыдзыстыæппынкъаддæр дыууæ милуан сомы. Уыи къухы куы бафта, уæд фылдæр æргом аздахдзыстæм социалон фарстатæ лыг кæнынмæ дæр.

Ныртæккæ нæм æнæкъуылымпытæй цæуынц уалдзыгон быдыроп куыстытæ. Хорз афонты тыд фестæм раггæнд культуртæ. Цыбыр æмгъуыдтæм базылдыстæм нæ фæзыгæндтæм. Ацы бонты æфснайæм рапс. Гектар нæм тыллæг дæтты 180 центнеры. Зæххытæ куыд уæгъдгонд цæуынц, афтæ сæ хуым кæнæм æмæ дзы тауæм нартхор силосæн. Ацы азы хуызæн хорз уавæры ницуыма уыдысты нæ культурон сæрвæттæ. Рапс æфснайд куы фæуæм, уæд сæ райдайдзыстæм кæрдын. Цъæх холлæгты куыст нæм æнæкъуылымпыйæ кæй цæуы, уыи руадзы суткæмæ алы галы уæзыл дæр бафты 500—600 граммы. Сланты Миша æмæ Фæрниаты Митъушы звенотæм цы галтæ нс, уыдоныл ноджы фылдæр бафты. Ацы аз хъуамæ паддзахадæн дзидза ауæй кæнæм æппынкъаддæр 600 тоннæйы. Уыи нæ къухы бафтдзæн.

ПАРСИАТЫ Хъазыбег,
Алагиры районы совхоз «Дзуарыхъæу»-ы директор.

5 МАЙЫ — СОВЕТТÆМ ДЫККАГ ХАТТ ÆВЗÆРСТЫТÆ

АККАГ КАНДИДАТ

Мидхъуыддæгты министрады сæрмагонд вазыгджын хъуыддæгты хистæр оперативон куыст Гуыбаты Константин у Курчатовы 4-æм æвзарæн округæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы депутаттæм кандидат. У депутат суæвыны аккаг. Архайы адæмæн исты хæрзты бацæуыныл. Куысты йын нс æнтыстдзинæдтæ. Уыил дзурæг сты йæ цыппар хæрзиуæджы, стæй, æмгъуыдæй раздæр дæлбулхъоны цин кæй райста, уыи дæр.

Æвзарджытимæ фембæлдытæй бæрæг у, æрдæмæ кæй нсы адæмы социалон уавæр, экологийы, базарады, фыдракæнддзинады фарстатæ. Сагъæсы йæ æфтауы, партийы кад дæлæмæ кæй хауы, уыи. Уæддæр фидарæй лæууы йæ фарс. Цымыдисæй кæсы æхсæнадон змæлды архайджыты куыстмæ дæр. Нс ын семæ бастдзинад, æмæ цæттæ у уыдонæн нстæмæй бахъуыс кæнынмæ.

Адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæныныл алыхуызон мадзæлттæй пайдагæнгæйæ, зæрдиагæй архайдзæн Гуыбаты Константин. Ныфс æвæры, депутаты ном кадимæ кæй хæсдзæн.

ОСИТЫ Л.

ЦÆУЫЛ ДАРÆМ НÆ ЗÆРДÆ

Æвзæр нæ рауадысты фарон нæ совхозы хъуыддæгтæ. Дзидза уæй кæныны афæдзы пълан сæххæст кодтам 117 процентæй. Пълапæй бирæ фылдæр рауад гектары бæркад. Уыи руаджы алы стуры хыгъдмæ дæр холладжы иуæгтæ æрцæттæ кодтам 37 центнеры, Кцойты Мæнрбеджы арендон бригадмæ та партхоры гектар тылларг радта 97 центнеры. Кæнæ, цас пълан кодтам, уымæй дыууæ хатты фылдæр. Ахæм æнтыстдзинæдтæ нæ къухы бафтыдысты, арендæмæ кæй рахызтыстæм, фыццаджыдæр, уыи фæрцы.

Æрæджы хыгъд æрцыдысты фыццаг кварталы куысты бæрæггæнæнтæ. Пълапмæ гæсгæ нæ паддзахадæн дзидза ауæй кæныи хъуыд 87 тоннæйы, уæй та акодтам 144 тоннæйы. Уыдонæй 114 тоннæйы — стуры дзидза, 14 — хуыйы дзидза æмæ иуæндæс тоннæйы — бæхы фыд. Куыд бамбæрстам, афтæмæй махæн бæхты куыст бирæ пайдадæр у. Уымæ гæсгæ нæ зæрды нс Хохы Карцайы бæхты фермæ саразын. Æрæджы уыдтæн Костромайы облæсты æмæ баныхас кодтон, стыр уæэласæн бæхтæ кæй хонынц, ахæмтæ балхæныныл. Хъуамæ дзы дарæм æппынкъаддæр 400 бæхы. Алкæцыйы уæз дæр хæццæ кæндзæн мин килограммæй уæлæмæ.

Ныр æй фæстæмæ фылдæр æргом аздахдзыстæм алыхуызон промыслатæм. Уыдонæй бирæ пайдатæ исæн нс. Азы кæронмæ нæм арæзт фæуыдзæн, зынаргъ царм кæмæн нс, ахæм сырдты фермæ. Уымæй уæлдай æртыккæгæм кварталы арæзт фæуыдзыстæм, плитатæ кæм цæттæ кæндзыстæм, ахæм егъау цех. Кусын нæм райдыдтой дзулфыцæн æмæ сеткæтæ кæнæн цехтæ.

Мах уавæрты дарæн нс дугтæ фос дæр. Фарон нæм уыд 50 хъуджы, æмæ паддзахадæн æхсыр ауæй кодтам 110 тоннæйы. Азы райдайæны нæхи хъарутæй аразын райдыдтам 200 хъуджы фаг скъæт. Æппæт куыстытæ дæр уыдзысты механизацигонд. Рагацау балхæдтам хæрзмытгаг дыгæрдгуытæ. Дарæм сæ хицæнæй, зылд сæм цæуы иннæтæй хуыздæр. Фæлæ иу хъуыддагæй тынг тыхсæм. Нæй нæм шифер, фæйнæг æмæ æндæр арæзтадон æрмæг. Республикæйы агропромцæдисы разамонджытæм та къахихсыд баистæм арæзтадон æрмæджыты тыххæй, фæлæ сæ зæрæл дæр нæ зонæм æххуыс. Афтæмæй та мах хардзæй цæрынц. Алы аз дæр сын нæ хæдзарад фиды 100 мин сомæй фылдæр.

Æмæ нæ æрмæст ууыл куы уадзиккой. Раздæрау сæ зæронд миниуæгæй нæма фæцух сты, уынаффæтæ нын кæныид. Мæ ныхас фæбæлвырдæр кæныны тыххæй æрхæцдзынæн дæицæттæ. Цæвиттон, мах хъуамæ дзидзайы комбинатмæ дæттикам, алкæцыйы уæз дæр 400 килограммы кæмæн уа, ахæм стуртæ. Фæлæ районы пълан æххæстгонд куынæ фæцæуы, уæд нæм æрбадзурынц, æмæ нæ фос радтæм къаддæр уæзæй. Æрмæст фыццæгæм кварталы нын къаддæр уæзимæ дзидзайы комбинатмæ радтын кодтой 150 стуры. Æмæ нын пайдайы бæсты зиан æрхастой 70 мин сомы бæрц. Мæ ныхас канд стуртыл нæ цæуы, 70-80 килограммы онг чи фæласы, ахæм хуытæ дæр нын радтын кæнынц.

Ноджыдæр ма иу хъуыддаг. АПИ æмæ нын республикæйы агропромцæдисы разамонджытæ ницæмæй æххуыс кæнынц, афтæмæй нын тыххæй аразын кæнынц ног фермæйы агъуыстытæ. Цæмæй бавналæм, уыи та нæхимæ нæй. Цæмæй ног агъуыстытæ саразай, уыи тыххæй бирæ хæрдзтæ хъæуы. Нæхимæ цы зæронд скъæттæ нс, уыдон цалцæггонд куы 'рцæуиккой, уæд сæ дарæн ис, æппынкъаддæр æртæ мин стуры. Бадзырдмæ гæсгæ нын хъуамæ районы хæдзарæдтæ алы аз дæр дæттикой 1200 роды. Фæлæ нын æртыццаг хай йедтæмæ нæ радтынц. Цы фос сæ райсæм уыдон дæр низджын æмæ сахъат бæйынц. Уымæ гæсгæ сæм цыфæнды зылд куы кæнай, уæддæр сыл хуыз нæ хæцы. Цæмæй нæ пълантæ æххæст кæнæм, уыи тыххæй нæ стуртæ æлхæныи бахъæуы æндæр районтæ æмæ республикæты дæр. Адæммæй кæй балхæнæм, уыдоныл та фылдæр хæрдзтæ цæуы.

Дыууæ ныхасы зæргъдзынæн хуытæ хæссыны тыххæй дæр. Махæн хуытæ дарын бирæ пайдадæр у. Иуæй сыл къаддæр хæрдзтæ цæуы, иннæмæй æнцон хæссæи сты. Фæлæ сæ кæм дарæм, ахæм бынæттæ нæм фаг нæй æмæ тыхсæм. АПИ-йы разамонджытæм цал æмæ цал хатты уыдыстæм, цæмæй нын арæзтадон æрмæгæй баххуыс кæной, фæлæ марадз æмæ цу. Скъæттæ нæм фаг куы уаид, уæд алы аз дæр дарыккам æппынкъаддæр цыппар мин хуыйы. Пайда у хæдзæрттæм хуытæ хæссынмæ дæттын. Фæлæ уыдон дæр тыхсынц бынæтты тыххæй. Арæзтадон æрмæгæй та сын нæ бон баххуыс кæнын нæу.

Хорз пълантæ нæм нс холлæгты куыстады. Арæзт нæм æрцыд дыууæ агрегаты. Уым лыстæггонд цæудзысты дæрзæг холлæгтæ. Афтæмæй сæ фос хуыздæр хæрдзысты. Амæй размæ-иу силос æвæрдтам раггæнд нартхорæй. Фæлæ нын уыи фаг нæ кодта. Ныр иу зæххæй исдзыстæм дыууæ тылæджы. Тагъд чи цæттæ кæны, ахæм нартхор таудзыстæм, судайнаг кæрдæгæй цы зæххытæ суæгъд уой, уым. Уымæй уæлдай хъæбæрхоры тылларг куы бафснайæм, уæд дзы байтаудзыстæм гречихæ æппынкъаддæр 100 гектары. Иæ хъæмп хорз хол лаг у, нæмыг та базарадон организатæм æрвитдзыстæм. Афтæмæй алы аз дæр нæ бон уыдзæн силос 17 мин тоннæйы цæттæ кæныи. Уыи къухы куы бафта, уæд холлæгтæй æххуыс кæндзыстæм канд хъæубæсты фосæн нæ, фæлæ сыхаг хæдзарæдтæн дæр. Куыд нымайæм, афтæмæй ацы аз алы стуры хыгъдмæ дæр холладжы иуæгтæ æрцæттæ кæндзыстæм æппынкъаддæр 50 центнеры. Холладжы æвæрæнтæ фæфылдæр кæнынæн нын хæхбæсты бирæ хорз гæнæнтæ нс. Æрмæст сæ ныронг фаг нæ пайда кодтам. Ацы аз сæрвæттæ æмæ хосгæрстыл бапырх кодтам минералон хъацæнтæ. Ныртæккæ сæ уавæр хорз у.

Мæ ныхас зæхгуыстыл у æмæ ма æрхæсдзынæн цалдæр дæнцæджы. Ацы аз нæм сагъд æрцыд 50 гектары картоф. Хорз зайы мах уавæрты. Иæ иу хай йын совхозы куыдзытæн ауæй кæнæм, иннæ ратдзыстæм базарадон организатæм. Уымæй уæлдай кæндзыстæм халсарты куыст дæр. Цы цыппар бригады нæм ис, уыдон се 'ппæт дæр рахызтыстыарендæмæ. Иу дзы холлæгты куыст кæны, иннæ æртæ — хоры æмæ халсарты. Уымæй уæлдай нæм ис дыргъдон дæр. Амæй размæ дзы ницы пайда истам. Уымæн æмæ йыл бæлвырд дауапдæттæг нæ уыд. Ныр æй радтам арендатормæ, æмæ йæм базылд. Чи нал бæззы, уыцы бæлæстæ фесæфтам, сæ бæсты ныссагътам, хъæздыг тылларг чи дæтты, ахæм талатæ.

Махмæ хъæубæсты бирæ ис æгуыст адæм. Уымæ гæсгæ сфæнд кодтам хуыйджыты, цъылынтæ бæттæн цехтæ саразын. Иуныхасæй, æппæт дæр араздзыстæм, цæмæй нæм иунæг æгуыст адæймаг дæр мауал уа. Куыд нымайæм, афтæмæй ацы аз нæ сыгъдæг пайдатæ уыдзыстыæппынкъаддæр дыууæ милуан сомы. Уыи къухы куы бафта, уæд фылдæр æргом аздахдзыстæм социалон фарстатæ лыг кæнынмæ дæр.

Ныртæккæ нæм æнæкъуылымпытæй цæуынц уалдзыгон быдыроп куыстытæ. Хорз афонты тыд фестæм раггæнд культуртæ. Цыбыр æмгъуыдтæм базылдыстæм нæ фæзыгæндтæм. Ацы бонты æфснайæм рапс. Гектар нæм тыллæг дæтты 180 центнеры. Зæххытæ куыд уæгъдгонд цæуынц, афтæ сæ хуым кæнæм æмæ дзы тауæм нартхор силосæн. Ацы азы хуызæн хорз уавæры ницуыма уыдысты нæ культурон сæрвæттæ. Рапс æфснайд куы фæуæм, уæд сæ райдайдзыстæм кæрдын. Цъæх холлæгты куыст нæм æнæкъуылымпыйæ кæй цæуы, уыи руадзы суткæмæ алы галы уæзыл дæр бафты 500—600 граммы. Сланты Миша æмæ Фæрниаты Митъушы звенотæм цы галтæ нс, уыдоныл ноджы фылдæр бафты. Ацы аз хъуамæ паддзахадæн дзидза ауæй кæнæм æппынкъаддæр 600 тоннæйы. Уыи нæ къухы бафтдзæн.

ПАРСИАТЫ Хъазыбег,
Алагиры районы совхоз «Дзуарыхъæу»-ы директор.

ЛЫСТÆГ ХЪУЫДДÆГТÆ

Æвæдза, царды лыстæг хъуыддæгтæ цас нс. Ницы сты, зæгъгæ, та уæ мачи зæгъæд. Æрвылбоны лыстæг хъуыддæгтæй зæрдæцъæх фестæм. Митингтæ, демонстрацитæ дæр сæ бындурыл арæзт кæй æрцæуынц, уыи уæ рох ма уæд. Фæлæ иуæй-ну хицæуттæм рацарæзты тæвиаг нæма бахъардта. Мидбынаты цоппайы рæстæг куыд уыдис, афтæ ныр дæр лыстæг хъуыддæгтыл сæ сæртæ нæ риссын кæныиц.

Нæ ныхас райдайдзыстæм республикæйы Хæлардзинады хæдзарæй. Кæрæдзийæн хæстæг, къабаз нæ 'ййафынц, афтæмæй иу цары бын сты цалдæр организацийы. Бæлвырддæр зæгъгæйæ та, иугонд «Фармация», Цæгат Ирыстоны Фыскджыты цæдис, чингуыты рауагъдад «Ир» æмæ цалдæр журналы редакцийы.

Чи зоны, æмæ ам ницы нс æвзæрæй. Фæлæ æрбацæуджытæй хæйрæг ничи у. Хæдзармæ бахизæны амонæн нæй æмæ адæм цыппаруæладзыгон агъуыстыты зилын райдайынц. Афæрсыны тыххæй куы иу кусæн уатмæ бадарынц сæ сæртæ, куы иннæмæ.

Уæвгæ канд Хæлардзинады хæдзары кой дæр нæ кæныи. Нæ горæты бирæуæладзыгон кусæндæтты ничи тыхсы бахизæнты амонæнтæ æвæрыныл. Чи кæм ис æмæ дæ кæдæм цæуын хъæуы, уыи æнцонтæй не ссардзынæ. Зæгъæм, Юстицийы министрады актон зал ис фыццæгæм уæладзыджы, амонæн та — цыппæрæмы.

Лыстæг хъуыддæгтæ чысыл не сты. Никуы ратыхсут телефонты æвзæр куысты тыххæй? Зæгъæм, 09 бадзурæн ис, фæлæ 3-01-01 (цалцæггæнæн бюро) цыфæнды куы фæкæнай, уæддæр нæ бахаудзынæ. Хæтæл фаллаг кæрон куы сисой, уæд дын телефонисткæ дзуапп ратдзæн, минут банхъæлмæ кæс, зæгъгæ. Фæлæ уыцы минут афтæ даргъ вæйы æмæ абонент фырмæстæй хæтæл æрæвæры, кæнæ та телефоны бастдзинад цыдæр фæвæйы.

Иу рæстæджы нæ бирæфатерон хæдзары телефонтæ къуыри нæ куыстой. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй ивтой телтæ. Цæуылнæ нын фехъусын кодтат раздæр, зæгъгæ, бастдзинады кусджыты куы фарстон, уæд мыл бустæ кæнын райдыдтой. Ам, дам, дын Америк нæу.

Æз дæр æй бæргæ зоныи Америк нæу, фæлæ ацы бæстæйы цардыуаджы лæггæдтæ куыд кæнынц, уыил искуы сахуыр уыдзыстæм? Ныр æртæ къуырийы бæрц мæ фатеры телефон куы фæкусы, куы та уайсадын райдайы. Заявкæтæ дæттын цалцæггæнæн бюромæ, хъуыдыгæнæг та мæ нæй. Æмæ, дам, лыстæг хъуыддæгтæ!

Нæ зонут, горæтты æхсæи телефонты бастдзинад куыд кусы, уыи? Автоматдын хатыр нæ бакæндзæн. Дзырдтай, æви нæ дзырдтай, уæддæр дыл уæлдай минуттæ æрфысдзæи. Ивгъуыд аз Ростов æмæ Мæскуыимæ цыма ныхас кодтон, ныр та Алагир æмæ Ленинградимæ, афтæ мыл уæлдай сомтæ æрнымадта.

Бастдзинады автоматтæ «сæрзилæдджын» кæй сты, уыи тыххæй иу æмæ дыууæ хатты нæ хъусын кодтон специалисттæи. Фæлæ мадзæлттæ саразыныл ничи тыхсы. Раздæрау автоматтæ фæливынц адæмы. Зæгъæм, æрæджы Мæскуыимæ æртæ минуты фæныхас кодтон æмæ фидын бахъуыд 95 капеччы, фæстæдæр та уыцы рæстæгмæ авд хатты фылдæр (æхсæз сомы æмæ фондз капеччы).

Раст куы зæгъæм, уæд бастдзинады кусджытæи ис бирæ бартæ. Кæй нæ фæдзырдтай, уыцы минуттæи нæ бафыстай, зæгъгæ, уæд дæ æнæ телефон фæкæндзысты. Æмæ уыи дæр бастдзинады кусджытæи пайда у. Телефоны бастдзинад фехалыны æмæ саразыны тыххæй сæм æфтиаг цæуы.

Ацы «лыстæг» хъуыддæгты фæдыл коммутаторон цехы хицау Къутæрты Т. йæхиуыл къæм абадын дæр нæ бауагъта, гуымиры ныхас кодта мемæ. Куыстадон-техникон бастдзинады управленийы кусæг О. Сеэманова та дзырдта, зæгъгæ, дам, абоненты рæстдзинад сбæрæг кæнæи нæй.

Ныр та фæлхасады тыххæй уыдзæн нæ ныхас. Фæнды мæ ахæм дæнцæг æрхæссын. Чингуыты базарады дыууадæсæм æмæ фындзæсæм дуканиты кусджытæ стæм товартæ уæй кæныиц, сæхи куыд фæнды, афтæ. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, ма сæм бафтауынц, чи сын нæ уæй кæны, ахæм чингуытæ дæр. Дуканигæстæ советон базарады æгъдæуттæ кæй халынц, уыи тыххæй сын кой дæр ма скæи, масты хай дæ бакæндзысты.

Æвæццæгæи, зондзыстут, дуканитæ æмæ кусæндæттæм бацæуæнты проект араздзытæ дыгай дуæрттæ кæй æвæрынц, уыи. Ома, адæм æнцонæй, æнæ кæрæдзийы хъыгдаргæйæ хизой къæсæртыл. Фæлæ дуканиты кусджытæ ацы домæи халынц алы ран дæр. Акæс уæд иугай дуæрттæ æхгæд сты дуканиты æмæ адæм хуыздзыты дыууæрдæм кæныиц. Фылдæр хатт иуæй-иутæ кæрæдзийæи бар кæй нæ фæдзæттынц бацæуынæи нæмæ рахизынæи, уыи азарæй рауайы тымæ нæ цыхæ. Æмæ, дам, «лыстæг» хъуыддæгтыл цы дзурыс.

Ныртæккæ нæ дуканитæ раздæр аэтæй мæгуыраудæр сты. Алыхуызон хъæугæ товартимæ фесæфт базарады культурæ дæр. Афтæ уымæи зæгъын æмæ дуканитæм бахызтæ, уæд залты фендзынæ афтид асыччытæ, дзæголджытæ, стъолтæ, тухæи гæххæтты рулонтæ æмæ æндæртæ. Иу ныхасæй, æлхæнджытæ кæм балæууой, уыи дæр нæ вæййы. Базарады министрады бæрнон кусджытæ та ацы хъуагдзинæдтæ ауварс кæнынмæ сæ хъус нæ дарынц.

Фæстаг рæстæджы æлхæнджытæ дуканиты рады æгæр арæх кæй лæууынц, уыи дæр у хъуыдыйаг. Фæлæ ацы хъуыддаг канд товарты бæрцæй аразгæ нæу. Фылдæр хатт дуканигæстæ се 'хца нымайыныл свæййынц, дыуæйы бæсты товар фæуæй кæны иу, адæм та рады лæууынæй сфæлмæцынц.

Дзул у хойраджы продукты сæйрагдæр. Æнæхъуаджы хæрдзтæ йæ кæй кæнæм, уыи та фылдæр хатт æлхæнджыты аххос нæ вæййы. Арæх Орджоникидзейы дыккагæм дзулфыцæн завод дуканитæм æрвиты æрдæгфых хойраг. Æвæццæгæи, заводы специалисттæ æрдзон газ фæстауæрд кæныиц.

Нæ царды «лыстæг» хъуыддæгтæ афтæ бирæ сты æмæ сæ нымайæт æнцонтæй нымад нæ фæуыдзæн. Райсæм ма нæлхæ æмæ сæкæры талонтæ. Раздæр сæ лæвæрдтой мæйы фыццаг æмбисы, ныр та фæстæдæр, афтæмæй та дуканиты нæлхæ вæййы.

Цымæ ам чи у аххосджын? Горæххæсткомы куысджытæи алы хатт дæр сæ дзуапп цæттæ вæййы. «Нæй фондтæ, талонтæ мыхуыргонд нæма æрцыдысты типографийы, нæй гæххæтт».

Нæ хæдзары рухс арæх ахуыссы. Æрæджы дæр та 20 сахаты æмæ æртын минутыл ахæм «бæллæх» æрцыд. Цæрджытæ фæдис бæргæ систой, фæлæ дыккаг боны æмбисмæ цырæгътæ не ссыгъдысты.

Куыд загътон, афтæмæй адæм тыхсынц ахæм «лыстæг» хъуыддæгтæй; фæлæ цы акæной? Иуæй-ну уазалзæрдæ хицæуттæ хъуыды дæр нæ кæнынц фæллойгæнджыты домæнтæ. Æрмæстдæр архайынц, цæмæй сæ къæлæтджынтæй ма фæхауой, уыил. Рацарæзты рæстæг та ахæмтæи хъуамæ бынат ма уа не 'хсæнады.

СÆГУЫТОНТЫ Тамарæ.

45 ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

Василий ЛАРИОНОВ

Советон Цæдисы Хъæбатыр Василий Ларионов райгуырд 1917 азы, 22 мартъийы, Владикавказы. Фæцис авд къласы æмæ Ростовы муызкалон училище. 1939 азы йæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм.

Немыцаг фашисттæ нæ бæстæмæ куы æрбалæвурдтой, уæд Ларионов дæр ацыд сæ ныхмæ тох кæнынмæ. 1942 азы бацыд Коммунистон партийы рæнхъытæм. Снысан æй кодтой фистæгæфсæддон ротæйы политикон хайады хицауæй. Василий хъæбатыр тох кодта Сталинградыл тугкалæн хæстыты. 1942 азы Василий æмæ йæ хæстон æмбæлттæ хъæбатырдзинад равдыстой цæугæдон Днепры сæрты хизгæйæ, стæй Украинæ æмæ Польшæйы фашисттæй асыгъдæг кæныны тохты.

1945 азы 23 январы æхсæвы Василий æмæ йæ хæстонтæ æнтыстджынæй ахызтысты цæугæдон Одеры сæрты æмæ фашисттæй байстой плацдарм. Уыцы тохы уыдон ныддæрæн кодтой фондз пулеметы, дыууæ сармадзаны, ныццагътой дæсгай фашисты. Василий фæмард 1945 азы 28 январы, знæгтимæ карз тохы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд йæ мæлеты фæстæ 1945 азы дæсæм апрелы. Нытæд ис хъæу Одерфельды. Горæт Орджоникидзейы йæ номыл ис уынг. Йæ ном хæссы 14-æм астæуккаг скъола.

МАХЪОТЫ Алихан

Æрæфы райны, Цыколайы, зæхкусæджы хæдзары, 1922 азы 17 июлы райгуырд Советон Цæдисы Хъæбатыр Махъоты Амырханы фырт Алихан. 1942 азы каст фæци Орджоникидзейы фистæгæфсæддон училище, æмæ æрвыст æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Уыцы аз фæззæджы Алихан архайдта Цыколайы фашисттæй ссæрибар кæныныл карз тохты. Уый фæстæ хъæбатыр тох кодта Стъарополы æмæ Краснодары крайты, стæй Хуссар Украинæ йы хæстыты. 1944 азы майор Махъоты Алиханы снысан кодтой батальоны командирæй. Уый фесгуыхт Одеры цæгатварс горæт Кюстрины знæгтæй сæрибар кæнгæйæ. 1945 азы мартъийы Алиханы батальон фондз хатты бауræдта знæгты тыхджын ныббырстытæ. Ныддæрæн ын кодтой йæ хæстон техникæ, уыдонимæ аст танчы. Алихан йæ батальонимæ хъæбатыр тох кодта æмæ сгуыхтдзинад равдыста горæт Берлин райсыныл хæсты. 1945 азы 1-æм майы Алихан йæ æфсæддонтимæ бахæццæ Берлины центрмæ. Нæ хæстонтæ уацары райстой 300 салдат æмæ афицеры. Уыцы хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй Махъоты Алиханæн 1945 азы 15 майы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Хæсты фæстæ Алихан дарддæр службæ кодта Æфсады. Уырдыгæй куы рацыд, уæд æрыздæхт, Ирыстоимæ уыдис хæдзарадон куыстыты. Амард 1981 азы, 27 мартъийы. Нытæд ис Цыколайы. Хъæбатыры номыл æмæ дæргъæвтин рæстæг хъæуы ис уынг, стæй погдзауты дружинæ.

МОРГУАТЫ Бек

Кировы районы Кæрдзыны хъæуы 1919 азы зæхкусæджы хæдзары райгуырд Моргуаты Хадзымуссæйы фырт Бек. Ам каст фæци æнæххæст астæуккаг скъола, æмæ куыста колхозы. Советон Æфсады рæнхъыты уыдис 1941 азæй фæстæмæ. Службæ кодта нижнеронон хæйттыты, уыдис сапер. Архайдта Курскы къæлæты æмæ Днепрыл хæстыты. Воронежы фронты уыдис саперты хайады командир. 1943 азы 1—15 апрелы, знаг сæ æнæрынцойæ æхста, афтæмæй йе 'мбæлттæн арæхстджын разамынд лæвæрдта г. Каневы цур Днепры сæрты хид ногæй саразыны куыстытæн. Иæхæдæг рæвдз цалдæг кодта, знаджы æхстæй-ну хъыгдард чи байæфта, быраны уыцы лодкæтæ. Не 'фсæдты рæвдз ластой фаллаг былмæ.

Уыцы хæсты фидар ныфс, нæртон хъару æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй Советон хицауад Моргуаты Бекæн саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты Бек знаджы дæрæн кодта 1-аг Украинаг фронты. Лæвæрд ын æрцыд Ленины, Сырх Стъалыйы дыууæ ордены æмæ бирæ майдантæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Моргуаты Бек кардн г. Орджоникидзейы. Уыдис хæдзарадон куыстыты. Амард 1978 азы 4 ноябры. Баныгæдтой йæ Ирон аргъуаны æвæрды.

Иван НЕДВИЖАЙ

Райгуырд 1925 азы Стъараполы крайы, горæт Зеленокумскы, теркаг хъазахъхъаг Макар Недвижайы хæдзары. Беслæны фæци райдайæн скъола, стæй Грозныйы ремесленнон училище. Куыста г. Беслæны. Уырдыгæй йæм 1942 азы фæсидтысты Советон Æфсадмæ. Мæйы фæстæ бахаудта хæсты тъыфылмæ. Архайдта Кавказыл тохты, Кубаны, Хъырым, Украинæ фашистон дзæмбытæй суæгъд кæныныл хæстыты. Фæскомцæдисон, кæстæр сержант отделенийы командир Иван Недвижай фесгуыхт æфсымæрон Польшæйы зæххыл. 1944 азы 19 сентябры ну хъæуы цур, развæдсгарджыты къорды уæвгæйæ, бахауд зын уавæры: фашисты сармадзантæ сæ æхстой æнæрынцойæ. Иван йæ фазыл хæстæг бабырыд сармадзантæм, æмæ сыл æнпарын райдыдта гранаттæ. Фæлæ дзы ну сармадзан не 'нцад æмæ не 'нцад. Уæд æм И. Недвижай бынтон хæстæг бахъуызыд, фестад æмæ сармадзаныл ныддæлгоммæ, йæ «дзых» ын сæхгæдта йæ буарæй. Мæлæтхæссæг хæцæнгарз ныхъхъус, фæлæ — хъæбатыр развæдсгарæджы æрыгон цæрды аргъæй.

Стыр ныфсы, фидар зæрдæйы хицау Иван Недвижайæн уыцы æнæмæлгæ сгуыхтдзинады тыххæй Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Баныгæдтой йæ Польшæйы зæххыл, Воля — Петровайы хъæуы, Иæ кад мыггагмæ баззадис уæлæуыл. Хъæбатыры ном хæссынц горæттæ Беслæн æмæ Грозныйы уынгтæ, ногдзауты дружинæтæ Цæгат Ирыстоны.

Василий НИКОЛАЕВ

Василий Семены фырт Николаев райгуырд 1907 азы 3 апрелы Башкирты АССР-йы, Семенкинойы хъæуы, кусæджы хæдзары. У чувашаг. Каст фæцис райдайæн скъола. Хæсты размæ цард æмæ куыста Алагиры. Хæцæг æфсады уыдис хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ. Архайдта Хуссары, Цæгат Кавказы, Фæскавказы фронты, Днепрыл тохты. 1945 азы бацыд СЦКП-йы рæнхъытæм.

1944 азы 10 мартъийы Херсоны облæсты горæт Бериславмæ хæстæг нæ 'фсæдтæ балæвæрстой Днепры фаллаг фарсмæ. Сæ ныхмæ фашисттæ ну ныббырст арæзтой иннæйы фæдыл. Пулеметтæй æхсæг Василий Николаев, раззаг рæнхъыты уæвгæйæ, ныццагъта 30 фашисты. Фадæттæ арæзта, не 'фсæдтон хæйттæн Днепры фаллаг фарсмæ æнцондæрæй банрвæзынæн.

Уыцы сгуыхтдзинадæн аккаг аргъ скодтой фронты командæгæнджытæ — бавдыстой йæ Советон Цæдисы Хъæбатыры ном райсынмæ. Æмæ уый тыххæй ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы Указ уыдис 1944 азы июны. Уый фæстæ ма Василий алы фронтты хæцыд суанг Уælахизы бонмæ. Райста ма æндæр хæрзнуджытæ дæр.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Советон Цæдисы Хъæбатыр Василий Николаев рацыд æфсадæй. Куыста адæмон хæдзарады алы къабæзты. Ныртæккæ цæры Кемеровы облæсты, Крапивинскы районы, Банковойы хъæуы.

ИРОН АДÆМЫ НÆМТТÆ

К

Како
Какула
Какын
Калман
Камал
Карум
Касал
Каспар
Кафар
Кæку

Кæркуыс
Кедæ
Кермен
Кертыби
Керым
Киба
Кима
Кицо
Кола
Колка

Кока
Копа
Кочи
Кудзан
Кудзи
Кукус
Курдан
Куди
Куыдзан
Куыдзæг

Куыдзи
Куыдзой
Куыдзыгус
Куыдзыи
Куыгцау
Куырдта
Куыцыкк
Куыцыри
Кысыл.

КЪ

Къакъо
Къала
Къарго
Къацо
Къæбер

Къæбли
Къæдзæхмæт
Къæбил
Къæцæл
Къоба

Къоли
Къола
Къост
Къоста
Къостан

Къупыр
Къуыбар
Къуызыр
Къуындзих
Къынтъул
Къуыдзы.

Л

Лавер
Лада
Ладе
Лademыр
Лади
Ладикъо
Ладо

Лазæр
Лазыр
Лактемыр
Ларси
Læджи
Læксан
Læппи

Лева
Леки
Лекса
Лексо
Лекси
Лекъо
Лентъо

Лео
Леуаг
Лефтыр
Локкæ
Луарсаб
Лыгко.

М

Магрез
Мазан
Манр
Мæнрбег
Майрæм
Майрæн
Мали
Малсæг
Малхаз
Мамег
Мами
Мамсыр
Мамыкъо
Мамына
Мате
Махар
Махарбег
Мацкъа
Мæзыт
Мæнр
Мæнрбег
Мæйтыбег

Мæлыкк
Мæндзæ
Мæргъуыдз
Мæрзабег
Мæхæмæт
Мæцкъо
Мæцыхъо
Миран
Микъала
Микъолоз
Мила
Миланкæ
Мистъала
Мистала
Митта
Миттыл
Митя
Митъыр
Митъус
Мичe
Миха

Михал
Михо
Миша
Мишæ
Мосе
Музафер
Мукара
Мулдар
Муллæ
Мурадин
Мурат
Мураткæ
Муриk
Муртаз
Мурту
Муртуз
Мускъел
Муссæ
Мустъафа
Мустаф
Мути

Муха
Мухар
Мухарбег
Мухтар
Муццæ
Мызыхъ
Мылыхо
Мыици
Мырза
Мырзабег
Мырзахъуд
Мырзæ
Мыртаз
Мысе
Мысост
Мыстул
Мысыр
Мысырби
Мысырыхъо
Мытыл
Мыха.

Н

Наги
Назыр
Назир
Найфон
Налыхъ

Нане
Нафи
Науыр
Нæуæг
Науырыз

Некъа
Никъа
Никъала
Никъо
Никъолоз

Ногай
Ноги
Ноне
Нугзар.

О

Омар
Омарби
Онез

Ораз
Орact
Осмæн

Осчен
Отар
Отарби

Оцеп
Осе.

П

Пада
Падо
Пакъо
Пармен

Песо
Петкæ
Петыр
Петро

Пируз
Писи
Пицго
Пицкъа

Пси
Псыма
Пупæ
Пупу

мæйы фашисттæй асыгъдæг кæныны тохты.

1945 азы 23 январы æхсæвы Василий æмæ йæ хæстонтæ æнтыстджынæй ахызтысты цæугæдон Одеры сæрты æмæ фашисттæй байстой плацдарм. Уыцы тохы уыдон ныддæрæн кодтой фонда пулеметы, дыууæ сармадзаны, ныццагътой дæсгай фашисты. Василий фæмард 1945 азы 28 январы, æнæгтæнæ карз тохы. Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын лæвæрд æрцыд йæ мæлæты фæстæ 1945 азы дæсæм апрелы. Ныгæд нс хъæу Одерфельды. Горæт Орджоникидзейы йæ номыл нс уынг. Йæ ном хæссы 14-æм астæуккаг скъола.

Уыцы хæсты фидар ныфс, нæртон хъару æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй Советон хицауад Моргуаты Бекæн саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1944—1945 азты Бек знаджы дæрæн кодта 1-аг Украинаг фронты. Лæвæрд ын æрцыд Ленины, Сырх Стъалыйы дыууæ ордены æмæ бирæ майдантæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Моргуаты Бек цардын г. Орджоникидзейы. Уыдис хæдзарадон куыстыты. Амард 1978 азы 4 ноябры. Баныгæдтой йæ Ирон аргъуаны кæрты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Советон Цæдисы Хъæбатыр Василий Николаев рацыд æфсадæй. Куыста адæмон хæдзарады алы къабæзты. Ныртæккæ цæры Кемеровы облæсты, Крапинскы районы, Банковойы хъæуы.

ДУНЕ АБОН

СИДТ ÆППÆТ ПАДДЗАХÆДТÆМ

ИНО, 3 май. (СЦТА). ИНО-йæн информацийы фæдыл цы сесси ахицæн, уый кæронбæттæн документты нс сидт æппæт паддзахæдтæм, цæмæй, журналисттæ сæ куысты хæстæ куы 'хæст кæной, уæд сын сæрибар æмæ ахадгæ архайдæн аразой æппæт мадзæлттæ дæр. Документты хъæддыхæй хъодыгонд цæуы журналисты марыны фæлтæрæнтыл.

Сессийы архайджытæ бацамыдтой ИНО-йы æхсæнадон информацийы департаменты куыст ахадгæдæр фæкæныны мадзæлттæ.

ÆМГУЫСТАДЫ ФАРС

ВАШИНГТОН. (СЦТА). 100 мин американкаæй фылдæр сæ къухтæ бафыстой, Марсмæ иумæйаг балц саразынмæ ССР Цæдис æмæ АИШ-мæ чи сиды, планетæтæ иртасыны уыцы æхсæнады декларацийы. Уыцы хъуыды, загъд нс документы, æнцой нал дæтты тæккæ алыхуызондæр адæймæгтæн: либералтæ æмæ консерватортæн, демократтæ æмæ республиконтæн, политиктæ æмæ поэттæн, Нобелы лауреаттæн, аивæдты архайджытæн æмæ спортсментæн, хицауады раздæры уæнгтæн, стæй аэронавтикæ æмæ космосон тыгъдад сгарыны фæдыл национ управленийы æппæт разамонджытæн.

ÆНГОМДÆР БАСТДЗИНÆДТÆ

ВЕНÆ. (СЦТА) Скæсæн-европæйаг бæстæтимæ Европæйы Советы дыууæтæн дæр пайдайаг æмгуыстады æмæ кæрæдзимæ хæстæг кæныны хъуыддаг дарддæр рæзы æнтыстджынæй. Советон Цæдисы, Венгри æмæ Польшæйы фæстæ кæрæдзимæ æнгомдæр бастдзинæдтæм тырнындзинад равдыстой Чехословаки, Болгари æмæ ГДР. Афтæ фехъусын кодта Австримæ хъуыддаджы балцы фæдыл пресс-конференцийы Европæйы Советы генералон секретарь Катрин Лалумьер. Æмгуыстады ног фæндæттæ æмæ хуызтæ агурынæн ахъаз сты, загъта уый, цæстдарджыты бартимæ Советы куысты чи архайы, уыцы советон парламентаритимæ иудадзыгон бастдзинæдтæ.

НОГ ЗАКЪОН

ПРАГÆ. (СЦТА). Чехаг æмæ Словакаг Федеративон Республикæйы федералон æмбырд сфидар кодта чехословакаг федерацийы тыххæй 1968 азы закъонмæ ивддзинæдтæ.

Депутаттæ рахæцыдысты бæстæйы президент В. Гавелы уыцы фæндоны фарс, цæмæй ЧСФР-йы парламент æвзæрст цæуа дыууæ азы æмгъуыдмæ. Закъонмæ гæсгæ фидаргонд æрцыд, 1968 азы рахаст конституцимæ гæсгæ республикæйы президент фонда азмæ æвзæрст цæуа, уымæ срастæнинаг. Агентад ЧТК куыд хъусын кæны, афтæмæй ныр уæлдæр паддзахадон органы сæргълæууæджы бынаты уæвæн ис æрмæстдæр 24 мæйы.

НЫХАС КАРЗ ФАРСТАТЫЛ

ВАШИНГТОН. (СЦТА). «Мах, планетæ Зæххы адæмтæ», — ахæм ныхæстæй райдайы, æппæтон экологийы фæдыл парламенттæн амцы иумæйаг конференци ахицæн, уый «Экологон кæрæдзийыл бастдзинады декларацийы». АИШ-ы конгрессы хуындмæ гæсгæ Вашингтонмæ 42 бæстæйæ цы зæххы фарстытыл æрбацыд, уыдон æртæ боны дæргъы кастысты ахæм карз экологон фарстатæм, куыд озоны фæлмы хæлд, цæугæдæттæ, денджызтæ æмæ фурдтæ чъизи кæнын, хъæдтæ сафын, мæр мæгуырдæр æмæ маргхъæстæ кæнын, цæрæгойты æмæ зайæгойты бирæ хуызты сæфт, климæты къонæвæрджытæ æрбацыд, уыдон æртæ боны дæргъы кастысты ахæм карз экологон фарстатæм, куыд озоны фæлмы хæлд, цæугæдæттæ, денджызтæ æмæ фурдтæ чъизи кæнын, хъæдтæ сафын, мæр мæгуырдæр æмæ маргхъæстæ кæнын, цæрæгойты æмæ зайæгойты бирæ хуызты сæфт, климæты тагъдæй-тагъддæргæнæг ивддзинæдтæ.

Парламенттæн иумæйаг æмбырды архайджытæ æрцыдысты уыцы иумæйаг хъуыдымæ, æмæ экологон фарстатæ нæ зонынц национ арæнтæ, хицæн бæстæйæн кæнæ бæстæты къордæн сæ бон нæу хæдбарæй йæ алыг кæнын. Уымæн хъусуы æппæт адæмты иумæйаг архайд.



БОЛГАРИ. Цæмæй уæлдæф сыгъдæгдæр уа, уый тыххæй Софийы уынгты сырх светофор куы ссудзы, уæд цъæх светоформæ æнхъæлмæ кæсгæйæ шофыртæ ахуыссын кæнынц машинæты мотортæ.

БТА-СЦТА-йы ист къам.

Н

Наги	Наше	Некъа	Ногай
Назыр	Нафи	Никъа	Ноги
Назир	Науыр	Никъала	Ноне
Найфон	Наæуæг	Никъо	Нутзар.
Налыхъ	Науырыз	Никъолов	

О

Омар	Ораз	Осчен	Опеп
Омарби	Ораст	Отар	Осе.
Онез	Осмæн	Отарби	

П

Пада	Песо	Пируз	Пси
Падо	Петкæ	Писи	Псыма
Пакъо	Петыр	Пицго	Пупæ
Пармен	Петро	Пицкъа	Пупу
Парса	Пехъле	Пло	Пупуллæ
Пацъи	Пеццо	Полка	Пупус
Пæхъæч	Пидо	Пора	Пуси.
Пепе	Пиран	Поркæ	

ПЪ

Пъармпло	Пъауле	Пъетъре	Пъло.

Р

Разден	Резван	Росе	Ростъом
Рамазан	Резо	Росеб	Руслан
Раман	Реуаз	Ростом	Рутен.

С

Сабаз	Саун	Секъа	Созырыхъо
Сабазджери	Саукуыдз	Секъо	Солæ
Сабан	Саулæг	Сем	Солæман
Саго	Саулох	Серги	Соло
Садул	Саухал	Серго	Солтан
Садуллæ	Сафа	Сероз	Солтанбег
Сазо	Сафар	Серж	Солти
Сакро	Сафарбег	Серыхъо	Солым
Сакъа	Сафарби	Сесе	Сопо
Сакъи	Сафонка	Сиби	Сосæбе
Салам	Сахан	Сида	Сосе
Саламджери	Саханджери	Сидамон	Соски
Салат	Сахълæу	Сидæмон	Соскъо
Самал	Сæбан	Сикъо	Сослан
Самил	Сæге	Симон	Сослæнбег
Сана	Сælæдни	Ситох	Сосо
Сандыр	Сæрæби	Слан	Состæ
Санре	Сæрмæт	Сланбег	Состык
Санахъо	Сæтти	Сланджери	Состъа
Саникъо	Сæугæл	Смайлы	Сохи
Сантанбег	Сæууасса	Смали	Сугъар
Сапуаз	Сæхæм	Соброн	Сунил
Сарбег	Сæхмæт	Собыкъа	Сыбе
Сарди	Сælих	Согра	Сымси
Сардо	Сæхмырза	Сограт	Сынтъу
Саридан	Сæхмæрза	Сосо	Сыбæлц
Сатæг	Сæхуыг	Созыр	Сырдон

Т

Таби	Тамерлан	Тæга	Тега
Тадноз	Таму	Тæгка	Тего
Таджи	Тандел	Тæрхъан	Тегъуыз
Тазе	Тарбег	Тæтæ	Теде
Тази	Тасел	Тæтæрби	Тедо
Тазрет	Тасо	Тæтæри	Текъо
Танрбег	Тасол	Тæтæрхъан	Тембод.
Таймасхан	Тасолтан	Тæхир	Тембол
Таймураз	Таубн	Тебо	Темболат
Такъæ	Таухъан	Тебыга	Темо
Тамби	Тауырбег	Тег	Темсе

ХЪÆБÆЛОТИ ИЛАСИ ЗИНГХУСТ ФУРТТÆ

Дигоргоми, Ирæфи галеу фарс, бæрзонди, æфцæги нихмæ, тъæпæнбæл незамани æрæнцадæй Къумбулти гъæу. Хъæбæлоти муггаг тумбул синхæй цæргæ æрцудæнцæ Къумбулти. Мугтаги дзурддзæугæдæр лæг, сæ сæрбонс, Илас фæззигон изæри устур ныхæси фестадæй, æмæ бадти адæммæ дзоруй:

«Æз исфæндæ кодтон мæ цæрæн бунат раййевун. Ке фæндуй, йе рацæуæд мæ хæццæ устур Кæсæгмæ».

Рагуалдзæги еу сæумæ Илас баефтигъта дуæ гали уæрдуни. Ниццурхта сæ ес-бес. Йæ бинойнаг Лези æмæ æ дуæ кизги Хаджан æма Дзуддзу рабадтæнцæ уæрдуни. Рахуæстæй галти сæрбонсбæл æма æ над радардта устур Кæсæгмæ, Ерохъи гъæумæ.

Бинонтæ æрæнцадæнцæ æнæзонгæ гъæуи. Æ синхонæй æмбесбæл бакосунмæ байхуæрста зæнхи гæппæл. Райдæдта, æхсæвæ-бон нæ зæгъгæй, косун, цæмæй æ бинонтæ ма рамардайонцæ судæй. И фæззæг син райгурдæй фурт — Хъасболат. Иласæн æ зæрдæ фегъæлдзæгдæр æй. Кæд æ фæззæги хуарæрхаст берæ нæ адтæй, уæддæр бинонтæ нартихуари кæрдзинæй цох нæбал адтæнцæ.

Илас рацардæй Ерохъи гъæуи, фал æ зæрдæ нæ рохс кодта, æма æ цæрæн бунат райивта Зæронд Лескенмæ. Уоми син 1916 анзи райгурдæй дуккаг фурт — Мимболат.

Лезий æма Иласи сагъæстæ фæффулдæр æнцæ, фал сæ цæуæти уиндæмæ сæ царди зинтæ иронх кодтонцæ.

Рæстæг цудæй, æнзтæ æйфийвтой кæрæдзей. Ралæудтæй 1920 анз, райгурдæй син æртиккаг фурт — Джафар. Илас æма Лезийæн сæ уæгъæ нæ састæй сувæллæнгти берæдзинадæмæ. Илас разæгъидæ: «Тæрсгæ ма кæнæ, не 'фсинæ, берæ мæгури хуасæ нæй». Райгурдæй син цуппарæймаг фурт — Дзамболат. Мадæ 'ма фидæн сæ цæуæти уиндæмæ игъæлдзæг кодта сæ цæстингас, нифс син уагъта сæ тоги. Куд фæззæгъунцæ, сæ къахи буви гъæмпи халæ нæбал састæй.

Ралæуæдтæй нæуæт дотæ. Цард бонæй-бонмæ æйфийвта хуæздæрæрдæмæ. 1927 анзи син равардтонцæ æнæзонгæ зæронд Лескенæй авд километри уæлдæр, æма Хъæбæлоти муггаг æрцардæнцæ Сурхи гъæуи. Дзуд, æмæ æ фæззæг Дзамболат æрцыдис Орджоникидзейы. Æрбацыдис æмæ æрбадис Орджоникидзейы æмæ Дзамболат. Æрбацыдис æмæ æрбадис Орджоникидзейы æмæ Дзамболат. Æрбацыдис æмæ æрбадис Орджоникидзейы æмæ Дзамболат.

исæнхæстæй нæудæс анзи. Хъасболат дæр райдæдта косун нæуæг арæзт колхози. Бауарзта Уæдати рæсугъд Фатъимæти. Дууæ æвзонг уарзон зæрди баеу æнцæ. Бинонтæ цинæ кодтонцæ сæ кусти бæркадбæл. Берæ рæстæг нæ рацудæй. Фатъимæт æма Хъасболатæн райгурдæй кизгæ Леля. 1940 анзи ба син исæнтæстæй Мартин. Иласи бинонтæ ивулдæнцæ цæугæ донау. Хъасболат æма Мимболат кустонцæ колхози, зæронд мадæ æма фидæ архайдтонцæ хæдзарн. 1938 анзи Мимболатмæ фæдзурдтонцæ Сурх Æфсадмæ. Мимболат баслужбæ кодта. 1940 анзи исæздахтæй сæхемæ æма райдæдта косун Лескени фанергæнæн заводи. Гъæуи цæрæг хестæр адæм æримисунцæ Хъæбæлоти Иласи цæуæти уæздандзинадæ, сæ куст, сæ рацуд, сæ фæлмæн дзурд.

Æнсувæрти кæстæр Дзамболат 1941 анзи уалдзæги каст фæцæй скъолай дæс къласи. Æхецæн кодта рæсугъд унаффитæ. Фал Хъæбæлоти æнсувæртæн сæ царди рæсугъд амонд берæ нæ гæхаста. Æртæ кæстæри — Мимболат, Джафар æмæ Дзамболат — сæ цубур царди нæ баниуазтонцæ уарзондзинади рæсог сауæдонæй, нæ ракафтонцæ тумбул гъæсти сæ уарзон кизгутти хæццæ, нæ разардтонцæ сæ зар кæроимæ.

1941 анзи 22 июни сæбæл исæмбалдæй æнамонд хабар. Райдæдта Фидибæсти Устур тугъд. Тугъди хабар ку фегъустонцæ, уæд сæ сæртæ нæбал æрæвардтонцæ фæлмæн нивæрзæнбæл, нæбал бахуардтонцæ адгин, хуæруйнаг, сæхецæн нæбал ирдтонцæ бунат, сæ тæлæнтæ хастонцæ тугъди будурмæ.

Тугъди райдайæни равдæй Мимболат, куд афицер, уотæ. Цубур рæстæгмæ исæмбалдæй æзнаги хæццæ нихæйнихмæ. Ци бон рараст æй сæ хæдзарæй, уæлдæр æй æ фидæмæ, никкудтæй æ гъæлæси дзаг. Хъасболат æ минкъий кизги фелваста æ гъæбесмæ. Æ реумæ 'й æрбалгъивта. Æрæвардта æй зæнхæбæл. Æхе разилдта. Фæстæмæ нæбал ракастæй, уотемæй фæййауун æй гъæунги тегъæй. Ие адтæй 1941 анзи ноябри, 1942 райдайæни Хъасболати равистонцæ тугъди будурмæ. Дууæ анзей дæргъи берæ зин нæдтæбæл рацудæй, мæлæти хæццæ æмдзогæнгæй, фал бинонтæ Хъасболатæй нæ райстонцæ пъисмо. Æ кизгæ Леля сæумæй изæрмæ нæ цудæй гъæунгæй хæдзармæ, кастæй идард надмæ, æ фидæмæ æнгъæлдзаугæй, фал Хъасболат дæр æ инæ æнсувæртæй амондгинджер нæ разиндтæй. Нæбал фæуундта æ уоди æмбал Фатъимæти, æ минкъий кизгæ Лели нæбал æрбалхъивта æ реумæ, нæбал фæуундта æ минкъий фурт Мартини гъæунги уесбæл догъи уайгæ. Бинонтæ Хъасболатæй неци бæрæг зудтонцæ 1947 анзи уæнгæ. Фатъимæт æ сау сæрбæттæн æ сæрæй нæ иста, Хъасболат бинонти зæрдæй нæ цох кодта. 1947 анзи августи райстонцæ гæгъæди: «Хъæбæлоти Хъасболат Иласи фурт, зæронд Лескени игурд, тугъди будури уогæй, фесавдæй æнæбæрæгæй. Аци гæгъæди æй бинонтæн пенси райсунмæ æвдесæндар».

Гъе, уотæ финст æй гæгъæдий: «Бинæ бæрæгæй фесавдæй». Фал бинонтæн æнæ бæрæгæй нæ фесавдæй. Уонæн сæ пæститæбæл, Хъасболат знаги нихмæ куд цæуй, æ реуи нæмуг куд нсæмбæлуй, уотæ уыйуй.

Æнусувæрти æртиккаг Джафар тугъди райдайæни æрвист æрцудæй тугъди будурмæ. Уомæй дæр бинонтæ пъисмо нæ райстонцæ. Тугъди размæ цæугæй, мæлæти цæститæмæ кæсгæй, æхе нæ разилдта знаги топпи цъухæй. 1942 анзи кæрони Джафар йе 'взонг уод равардта нæ бæсти сæрбæлтау. Æ рохс ном байзадæй нæ дзилли астæу.

Цуппарей кæстæр Дзамболат, мадæ 'ма фиди имонау биццеу, скъолай 10 къласи каст фæцæй 1941 анзи. Уалдзæг, ахури фæсте нæ бауолæфтæй, рарвистонцæ æй командирти цубур курситæмæ. Æма уой фæсте рандæй тугъди тæккæ циренмæ. Пъисмотæ не 'мбалдæнцæ бинонтæбæл. Мадæ 'ма фидæ сæ колдуар нæбал рахгæдтонцæ Илас æхсæвæ-бонмæ рацо-бацо кодта тургъи: «О, æдта, сæ цуппаремæй уæддæр еу пъисмо куд нæ цæуй». Гъæунги гъæуай кодта постдзау, фал зæронд постдзау, æ сæр нигъбур кæнгæй, райевгъуидæ æ рæзти. Илас бацæуидæ хæдзарæмæ, æхе æруадзидæ къæлæт сиребæл, фал минкъий фæстæдæр нæуæгæй рацæуидæ гъæунгæмæ хабар æнгъæл.

1942 анзи мартъий бинонтæбæл исæмбалдæй уæззау хабар. Райстонцæ Дзамболати туххæй сау гæгъæди.

Дзамболат минкъий рацардæй, фал нмæ берæ рæсугъд фæндидтæ адтæй. Æ фæндитæ байзадæнцæ рохс царди нади райдайæни. Нæ базудта, кæд кедæр рæсугъд кизгæ изæригон бахуссун кæнуй æ цирагъ, æма æ цæсти сугтæй исуомæл кæнуй æ баз, Дзамболати имисгæй.

Мади зæрдæ ниддор æй. Æ бон нæбал адтæй и даргъ надмæ кæсун. Тургъи астæу Дзамболати арæзт бæласæ. Райсидæ бæласи къалеу æ къохи, æ содзгæ цæсти сугтæ нигъалидæ бæласи сифтæбæл, бацæуидæ хæдзармæ, биццеути хъæппæлтæбæл æ къохтæ радауидæ. Уæддæр не 'ууæндтæй, æ биццеутæ еске зæнхæбæл байзадæнцæ, уобæл. Игъуста алли къахгъермæ, инклесидæ дуармæ, ка си раздæр æрбахæздзæнæй, зæгъгæ. Фал... Мадæ фурттн нæбал бахизта. Æнгъæлмæ кæсгæй бацудæййе 'нсоп бунатмæ.

Нæма батар æй бонвæрни стъалу,
Нпррохс æй дуйне арæни сæрмæ.

Уæларвæй, цума, цæхæртæ калуй,
Никкодта нæбæл тогуарæн сæумæ.

Нæртон фæсевæд тохи бацудæй,
Æзнаги нихмæ тугъди будури,

Фиддæлти намус багъæуай кæнæн,
Нæ мади фæдзæхст нæ бæсти
размæ.

Æгади бæсти кадæй рамælæн.
Уæхæн нскæнæн нæхецæн карнæ».
Ири фæсевæд, ка нæ ракæна

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР

КÆСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

Телеуынынад

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ
4 МАЙ. МАЙРÆМБОН

17.20 — Ирыстон абон. 17.50 — «Лицом к лицу». Аивадон киноныв. 19.15 — «Аргъ кæмæн нæй, ахæм лæвар». Киноочерк тагъд æххуысы цæстытæдзæбæхгæнæн клиникæйы куысты тыххæй. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Артерия жизни». Телекиноныв. 20.35 — «Боны фæткы интервью». Студийы — профессор Тохъайты Н. Х.

5 МАЙ. САБАТ

17.00 — «Диалог». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 17.30 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. «Уралочка». Телекиноныв. 17.50 — «Хъалмыхъы фæсмон». Телеспектакль. 18.15 — «А-ло-лай». Аргъау. 18.30 — Абон Мыхуыры бон. «Мыхуыр — рацарæзты айдæн». 19.00 — «Зарæг сымахимæ». Концерт. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ».

6 МАЙ. ХУЫЦАУБОН

16.15 — «Зæххон хуыцæуттæ». Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры спектакль. 18.20 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. «Фыдыбæстæйы фыртæ». 19.05 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.15 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ».

Радио

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ
4 МАЙ. МАЙРÆМБОН

7.30, 8.25 — «Дæ райсом хорз, Ирыстон!» 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — «Арендон мадзал: йæ абон, йæ сомбон». Æрыдоны районы Мичурины номыл колхоз. 18.20 — Цæгат Ирыстоны паддзахадон телерадиойы адæмон инструменттыл оркестры концерт. Дирижер — республикæйы адæмон артист Гæздæнты Б. 18.50 — Хъусынгæнинæг г т æ, рекламæ.

5 МАЙ. САБАТ

7.30, 8.25 — «Дæ райсом хорз, Ирыстон!» 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 15.15 — Ногдзауты арт. 15.45 — Хъусынгæнинæгтæ. Рекламæ. Музыкæ. 18.00 — «Æнæниздзинад». Радиожурнал. 18.20 — Концерт мыхуыры куыдзытæн.

6 МАЙ. ХУЫЦАУБОН

12.30 — XXXIII облæстон партион конференцийы агъоммæ. «Дзурынц делегаттæ». 12.55 — Хъайттаты С. «Дидинæг æмæ хъама». Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры спектакль. 14.27 — Концерт. 14.55 — Рекламæ.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 4 майы уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы 8—13 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 8—10 градусы хъарм.

Лезий æма Иласи сагъæстæ фæффулдæр æнцæ, фал сæ цæуæти уындæмæ сæ царди зинтæ иронх кодтонцæ.

Рæстæг цудæй, æнзтæ æйнивтой кæрæдзей. Ралæудтæй 1920 анз, райгурдæй син æртиккаг фурт — Джафар. Илас æма Лезийæн сæ уæгæ нæ састæй сувæллæнгти берæдзинадæмæ. Илас разæгъидæ: «Тæрсгæ ма кæнæ, не 'фсинæ, берæ мæгури хуасæ нæй». Райгурдæй син цуппæрæймаг фурт — Дзамболат. Мадæ 'ма фидæн сæ цæуæти уындæмæ нгъæлдзæг кодта сæ цæстингас, нифс син уагъта сæ тоги. Куд фæззæгъунцæ, сæ къахи бунн гъæмпи халæ нæбал састæй.

Ралæуæдтæй нæуæг догæ. Цард бонæй-бонмæ æйнивта хуæздæрæрдæмæ. 1927 анзи син равардтонцæ зæнхæ зæронд Лескенæй авд километри уæлдæр, æма Хъæбæлоти муггаг æрцардæнцæ Озреки гъæуи. Лези æма Илас бафест кодтонцæ сæ дустæ, бавналдтонцæ нæуæг цард аразунмæ. 1929 анзи бацудæнцæ колхозмæ. Сæ хестæр фурт Хъасболатбæл бæлоти æнсувæртæн сæ царди рæсугъд амонд берæ нæ рæхаста. Æртæ кæстæри — Мимболат, Джафар æмæ Дзамболат — сæ цубур царди нæ банцуазтонцæ уарзондзинади рæсог сауæдонæй, нæ ракафтонцæ тумбул гъæсти сæ уарзон кизгутти хæцæ, нæ разардтонцæ сæ зар кæронмæ.

1941 анзи 22 июни сæбæл нæхембалдæй æнамонд хабар. Райдæдта Фидибæсти Устур тугъд. Тугъди хабар ку фегъустонцæ, уæд сæ сæртæ нæбал æрæвардтонцæ фæлмæн нивæрзæнбæл, нæбал бахуардтонцæ адгин, хуæруйнаг, сæхецæн нæбал ирдтонцæ бунат, сæ тæлæнтæ хастонцæ тугъди будурмæ.

Тугъди райдайæни рандæй Мимболат, куд афицер, уотæ. Цубур рæстæгмæ исæмбалдæй æзнаги хæццæ нихæйнихмæ. Ци бон рараст æй сæ хæдзарæй, уæдæй 1944 анзи уæнгæ бинонтæ Мимболатæй нæ райстонцæ пъисмо, нæ зудтонцæ ин æ бæрæг. Зæронд мадæ 'ма фидæ катай кодтонцæ, фарстонцæ сæхе: «О, æдта, кæми æй архайы, ахæм командæ. Хъазты фыццаг минуттæй фæстæмæ фæзы хицауиуæг кодтой фысымтæ, хъазт фылдæр цыдис уазджыты фæзы хайы, нæ læппутæ бирæ хæттыты сæвзæрын кодтой тæссаг уавæртæ «Металлурджы» нварон фæзы. Хъазты фыццаг æмбисы фæндзæм, дæсæм, фынддæсæм минутты æмæ кæронмæ 'ввахс автодорæгтæн уыдис фадæттæ хыгъд байгом кæнынæн, фæлæ фæлтæрдджын Гурам Чкареули æмæ иннæ размæ-бырсджытæ нæ сарæхстысты пурти нысаныл сæмбæлын кæнынмæ.

Хъазты дыккаг æмбисы ноджы фæкарздæр сты ирыстойнаг футболисты ныббырстытæ. Уазджыты иварон фæзмæ æппæтæй арæхстджындæрæй бырстой фæлтæрдджын футболисттæ, раздæры спартаконтæ Гурам Чкареули æмæ Джиоты Хасан. Бахъуыдис сæ æрмæст æртæ минуты хыгъд байгом кæнынæн. Радон ныббырсты рæстæг уазджытæ сæ иварон фæзы фехæлдтой хъазты æгъдау, фæкæлын кодтой Чкареулийы. Бахъуыдис иуæндæс метры дæрддзæгæй уазджыты дуармæ иварон цæф ныккæнын. Уыцы хæс арæхстджынæй сæххæст кодта Джиоты Хасан æмæ хыгъд ссис 1:0.

Хыгъд фæфылдæр кæнынæн хорз фадат уыдис Гурам Чкареулийæн хъазты 29 минутыл дæр, цалдæр метры дæрддзæгæй пурти уазджыты хызмæ баппарынмæ куыд хъавыд, афтæ йæ ногæй сæ иварон фæзы фæкæлын кодтой «Металлурджы» хъахъхъæнджытæ æмæ та ацы хатт дæр иуæндæс метры дæрддзæгæй пурти уазджыты хызыл сæмбæлын кодта Джиоты Хасан. Хыгъд ссис 2:0 «Автодор»-ы пайдайæн.

Хъазты кæронмæ 'ввахс ма футболисттæн бантыст пурти дыууæ хатты хызыл сæмбæлын кæйын. Фыццаг фесгуыхтысты уазджытæ, нæ хъахъхъæнджыты фæсайгæйæ, банрвæзтысты иварон фæзмæ æмæ сын бантыстис хыгъд 2:1 скæнын. Фæлæ хъазт уыл нæ ахицæн. Фысымтæн ма бантыст уазджыты дуарыл ну пурти бакъуырын, ацы хатт фесгуыхт Макаренко æмæ хъазт фæцис 3:1 хыгъдимæ «Автодор»-ы пайдайæн.

Уæлахиз цины хабар у. Фæлæ цæмæй футболисттæ æдзухдæр уæлахизтæм тырной, уый тыххæй сын хъæуы фадæттæ саразын дæр. «Динамо»-йы стадион та нырма ис бынтон æдзæллаг уавæры. Хъазæн фæз — къуыппытæдзыхъхъытæ, бирæ рæтты дзы кæрдæг дæр нæй. Фыццаг хъазты рæстæг куыд сбæрæг, афтæмæй стадионмæ бирæ адæм цæуы. Фæлæ дзы бадæнтæ фаг кæй нæй, уый аххосæй спортуарзджытæн сæ фылдæры дыууæ сахаты дæргъы хъазтмæ кæсын бахъуыд лæууæйæ. Стадионы нæй, хъазты бæрæггæнæнтæ æвдыст кæм хъуамæ цæуой, ахæм фæйнæг. Хъазты райдайæны радиойæ фехъусын кодтой дыууæ командæйы хъазджыты номхыгъдтæ. Уый фæстæ радиойæ иу сыбыртт дæр нал райхъуыст, æгæр-мæгуыр-иу нæ фехъусын кодтой, пурти чи бакъуырдта, уыцы футболисты мыггæртæ æмæ нæмттæ дæр. Стадионы сæ ныййарджытимæ уыдис сывæллæттæ дæр. Бирæтæ дзы сдойны сты, фæлæ дон не ссардтой стадионы, нæ дзы уыдис адджын æмæ минералон дæттæ, сæлдæг, адджинæгтæ, гуылтæ æмæ æндæр ахæмтæ уæйнаг дæр.

Физкультурæ æмæ спорты Цæгат Ирыстоны АССР-йы паддзахадон комитеты æмæ стадион «Динамо»-йы разамонджыты хъæуы æвæрстиат мадзæлттæ саразын, ацы аз «Автодор»-ы æмæ йæ уазджыты хъæзтытæ кæм цæудзысты, уыцы стадионы æдзæллаг уавæрæн кæрон скæнынц тыххæй. Дзуапп бацагурын хъæуы, стадион «Динамо» ног сезонмæ бацæттæ кæныны куыстытæ чи нæ сæххæст кодта, уыцы араздзытæй.

ГУЫБАТЫ Ч.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

«Раздæхт зæхмæ» — афтæ хуыйны уацхæссæг Суанты Сергейы публицистикон статьяйы.

5-æм майы уыдзысты дыккаг хатты хъæлæстæ. Уый тыххæй газет мыхуыр кæны æрмæг «Аккаг кандидат».

Номыры — завод «Топаз»-ы парткабинеты сæргълæууæг Гецаты А. хъуыдытæ коммунисттæ дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырды фæстæ.

Газет мыхуыр кæны æрмæг Цæгат Ирыстонæй ФАЛКЦ-йы XXI съезды делегаттимæ «Социалистическая Осетия»-йы ныхасæй.

Уæлахизы 45 азы бонмæ фыст у отставкæйы дæлбулкъон Баскаты А. æрмæг Плиты Иссæйы тыххæй.

Номыры — радон фарс, «Адæймаг æмæ æрдз». Гаджиты Н. æрмæг, уацхъуыдытæ.

Æмæ сæ ныффыстой

Æнсувæрти хестæр Хъасболат, тугъд ку райдæдта, уæд бинонтæн загъта «хуæрзæбон», æма рахизтæй тургъæн колдуарæй. Ракастæй ма фæстæмæ. Æ кизгæ Леля лæудтæй æндæруар.

Бауадзынц æнсувæртæ

Æнсувæрти хестæр Хъасболат, тугъд ку райдæдта, уæд бинонтæн загъта «хуæрзæбон», æма рахизтæй тургъæн колдуарæй. Ракастæй ма фæстæмæ. Æ кизгæ Леля лæудтæй æндæруар.

Æма батар æй бонвæрни сгъалу.
Нырроxс æй дуйне арæвни сæрмæ.

Уæларвæй, цума, цæхæртæ калуй,
Никкодта нæбæл тогуарæн сæумæ.

Нæртон фæсевæд тохи бацудæй,
Æзнаги нихмæ тугъди будури,
Адæми доги нæма бафтудæй
Нæ Фидибæстæ уæхæн уавæри.

Цуппар нугрди, Иласи фурттæ
Ку никкæнуицæ сæ тохи зарæг:

«Багъæуай кæнæн нæ рæсугъд бæстæ,
Нæ фиди уæзæг, кæстæрти кадæ,

Фиддæлти намус багъæуай кæнæн,
Нæ мади фæдзæхст нæ бæсти размæ.

Æгади бæсти кадæй рамæлæн.
Уæхæн нскæнæн нæхецæн карнæ».
Ири фæсевæд, ка нæ ракæна
Нæ бæгъатæртæн сæ тохи зарæт.
Сæ кадæ, сæ ном макæд рамæла,
Адæми астæу сæ рæсугъд зарæт.

ЦАГЪАТИ Тотраз.
ХУЗТИ: ХЪÆБÆЛОТИ Хъасболат, Мимболат, Джафар, Дзамболат.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР



5-6 МАЙЫ
ПРЕМЬЕРÆ

Айлæрты Асæхмæты пьесæмæ гæсгæ аразт спектакль

«КÆДÆМ ТÆХÆМ?»

Режиссер — Мерденты М.
Нывгæнæг — Къубалты А.
Композитор — Махъоты А.

Спектаклы архайынц: ССР Цæдисы адæмон артист Саламты Къола, УСФСР-йы сгуыхт артист Бирæгъты Къоста, УСФСР-йы сгуыхт артист, Станиславскийы номыл УСФСР-йы паддзахадон премийы лауреат Мерденты Юрий, Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Суанты Хъазыбег æмæ æндæртæ.

АДÆМÆН ЗОНИНАГ

7-æм майы нзæры æхсæз сахатыл кинотеатр **«Октябрь»-ы**

Уæлахизы 45 азы кадæн уыдзæн киноизæр. Иæ программæйы аивадон киноныв «Сталинград»-ы премьерæ.

Ист цæуынц коллективон заявкæтæ, уынмæ æрмæджы 'хцайыл дæр. Билет балхæнæн ис рагагъоммæ. Хъуыддаг бæлвырддæр базоныны тыххæй бадзурæн ис ахæм телефонтыл: 3-45-71, 3-96-60.

Газет «Рæстдзинад»-ы, журнал «Мах дуджы» редакциты куснджытæ æмæ Цæгат Ирыстоны Фыс-джыты цæдисы правлени хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц фыссæг Джыккайты Шамилæн, йæ фыд **ФЕДЫР** кæй амард, уый тыххæй.

ÆВАДАТ СТАДИОН

ФУТБОЛ

«АВТОДОР» — «МЕТАЛЛУРГ» — 3:1

Футболæй ССР Цæдисы чемпионаты ацы аз Цæгат Ирыстонæй дыууæ командæйы кæй архайы, «Спартак» фыццаг къорды, «Автодор» — дыккаджы, уыл æхсызгонæй сæмбæлдысты канд спортуарзджытæ нæ, фæлæ республикæйы горæтты æмæ хъæуты æппæт фæллойгæнджытæ дæр. Æмæ «Автодор» кæд ахæм бæрнон ерысты фыццаг хатт архайы, уæддæр нырма йæ хъуыддæгтæ мæгуырау не сты. Фыццаг хъæзтытæ уазæгуаты акодта, фæлæ йæ фæлтæрдджындæр ныхмæлæуджытæй лæмæгъдæр нæ разынд, суанг ма очко дæр бакуыста.

«Автодор» хæстхъом кæй у æмæ Ирыстоны спортивон кад бахъахъхъæныны йæ бон кæй бауыдзæн, уый сбæрæг Фыццæгæм майы. Уæд ирыстойнаг футболисттæ бæстæйы чемпионаты сæхи фæзы фыццаг хъазт акодтой. Сæ уазæг уыдис горæт Ст. Осколы «Металлург». дыккаг къорды ныр цалдæр азы чи архайы, ахæм командæ. Хъазты фыццаг минуттæй фæстæмæ фæзы хицауиуæг кодтой фысымтæ, хъазт фылдæр цыдис уазджыты фæзы хайы, нæ læппутæ бирæ хæттыты сæвзæрын кодтой тæссаг уавæртæ «Металлурджы» нварон фæзы. Хъазты фыццаг æмбисы фæндзæм, дæсæм, фынддæсæм минутты æмæ кæронмæ 'ввахс автодорæгтæн уыдис фадæттæ хыгъд байгом кæнынæн, фæлæ фæлтæрдджын Гурам Чкареули æмæ иннæ размæбырсджытæ нæ сарæхстысты пурти нысаныл сæмбæлын кæнынмæ.

Хъазты дыккаг æмбисы ноджы фæкарздæр сты ирыстойнаг футболисты ныббырстытæ. Уазджыты иварон фæзмæ æппæтæй арæхстджындæрæй бырстой фæлтæрдджын футболисттæ, раздæры спартаконтæ Гурам Чкареули æмæ Джиоты Хасан. Бахъуыдис сæ æрмæст æртæ минуты хыгъд байгом кæнынæн. Радон ныббырсты рæстæг уазджытæ сæ иварон фæзы фехæлдтой хъазты æгъдау, фæкæлын кодтой Чкареулийы. Бахъуыдис иуæндæс метры дæрддзæгæй уазджыты дуармæ иварон цæф ныккæнын. Уыцы хæс арæхстджынæй сæххæст кодта Джиоты Хасан æмæ хыгъд ссис 1:0.

Хыгъд фæфылдæр кæнынæн хорз фадат уыдис Гурам Чкареулийæн хъазты 29 минутыл дæр, цалдæр метры дæрддзæгæй пурти уазджыты хызмæ баппарынмæ куыд хъавыд, афтæ йæ ногæй сæ иварон фæзы фæкæлын кодтой «Металлурджы» хъахъхъæнджытæ æмæ та ацы хатт дæр иуæндæс метры дæрддзæгæй пурти уазджыты хызыл сæмбæлын кодта Джиоты Хасан. Хыгъд ссис 2:0 «Автодор»-ы пайдайæн.

Хъазты кæронмæ 'ввахс ма футболисттæн бантыст пурти дыууæ хатты хызыл сæмбæлын кæйын. Фыццаг фесгуыхтысты уазджытæ, нæ хъахъхъæнджыты фæсайгæйæ, банрвæзтысты иварон фæзмæ æмæ сын бантыстис хыгъд 2:1 скæнын. Фæлæ хъазт уыл нæ ахицæн. Фысымтæн ма бантыст уазджыты дуарыл ну пурти бакъуырын, ацы хатт фесгуыхт Макаренко æмæ хъазт фæцис 3:1 хыгъдимæ «Автодор»-ы пайдайæн.

Уæлахиз цины хабар у. Фæлæ цæмæй футболисттæ æдзухдæр уæлахизтæм тырной, уый тыххæй сын хъæуы фадæттæ саразын дæр. «Динамо»-йы стадион та нырма ис бынтон æдзæллаг уавæры. Хъазæн фæз — къуыппытæдзыхъхъытæ, бирæ рæтты дзы кæрдæг дæр нæй. Фыццаг хъазты рæстæг куыд сбæрæг, афтæмæй стадионмæ бирæ адæм цæуы. Фæлæ дзы бадæнтæ фаг кæй нæй, уый аххосæй спортуарзджытæн сæ фылдæры дыууæ сахаты дæргъы хъазтмæ кæсын бахъуыд лæууæйæ. Стадионы нæй, хъазты бæрæггæнæнтæ æвдыст кæм хъуамæ цæуой, ахæм фæйнæг. Хъазты райдайæны радиойæ фехъусын кодтой дыууæ командæйы хъазджыты номхыгъдтæ. Уый фæстæ радиойæ иу сыбыртт дæр нал райхъуыст, æгæр-мæгуыр-иу нæ фехъусын кодтой, пурти чи бакъуырдта, уыцы футболисты мыггæртæ æмæ нæмттæ дæр. Стадионы сæ ныййарджытимæ уыдис сывæллæттæ дæр. Бирæтæ дзы сдойны сты, фæлæ дон не ссардтой стадионы, нæ дзы уыдис адджын æмæ минералон дæттæ, сæлдæг, адджинæгтæ, гуылтæ æмæ æндæр ахæмтæ уæйнаг дæр.

Физкультурæ æмæ спорты Цæгат Ирыстоны АССР-йы паддзахадон комитеты æмæ стадион «Динамо»-йы разамонджыты хъæуы æвæрстиат мадзæлттæ саразын, ацы аз «Автодор»-ы æмæ йæ уазджыты хъæзтытæ кæм цæудзысты, уыцы стадионы æдзæллаг уавæрæн кæрон скæнынц тыххæй. Дзуапп бацагурын хъæуы, стадион «Динамо» ног сезонмæ бацæттæ кæныны куыстытæ чи нæ сæххæст кодта, уыцы араздзытæй.

ГУЫБАТЫ Ч.

362015 — ЦИАССР,
г. Орджоникидзе,
Тбилисы уынг. 98,
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАИÆДТÆ:

- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырыта — фонда хатты.
Индекс — 53901.
3

ЕИ 01121.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 251.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг. 98.